**LELEWANING BASA PERBANDINGAN**
**SALEBETING CAKEPAN LAGON HIP HOP NDX**

**SKRIPSI**

**Dipunajengaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni**
**Universitas Negeri Yogyakarta**
**minangka Jejangkeping Sarat kangge Anggayuh Gelar**
***Sarjana Pendidikan***

**Dening :**
**Arimbiyana**
**NIM 12205244025**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**
**2018**

# PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Lelewaning Basa Perbandingan wonten Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX*" menika saged dipunujekakaken awit sampun pikantuk palilah saking pembimbing.

Yogyakarta, 10 April 2018

Pembimbing

Dr. Mulyana, M.Hum

NIP. 19661003 1999203 1 002

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan ***"Lelewaning Basa Perbandingan Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX"*** menika sampun dipunandharaken ing ujian pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* nalika tanggal 20 April 2018 saha katetepaken lulus.

***DEWAN PENGUJI***

| **Asma** | ***Jabatan*** | **Tapak asma** | **Tanggal** |
|---|---|---|---|
| Dr. Mulyana, M.Hum. | Ketua Penguji | ............... | 24 April 2018 |
| Sri Hertanti Wulan, M.Hum. | Sekretaris penguji | ............... | 24 April 2018 |
| Drs. Hardiyanto, M.Hum. | Penguji Utama | ............... | 24 April 2018 |

Yogyakarta, 25 April 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP.19571231 198303 2 004

**WEDHARAN**

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Arimbiyana

NIM : 12205244025

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih karya ilmiah menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika boten ngemot materi ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi gatosaken tata cara saha paugeran panyeratan karya ilmiah ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 10 April 2018

Panyerat

Arimbiyana

## SESANTI

“Bandha titipan, nyawa gadhuhan, pangkat sampiran” (Pitutur)
“Manunggaling kawula Gusti” (Pitutur)

Saben-saben tumindak bakale nemu walesan piyambak-piyambak.
(Panyerat)

## PISUNGSUNG

Linambaran kanthi pamuji sukur dhateng ngarsaning Allah SWT, skripsi menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kekalih kula Ibu Suyanti saha Bapak Anjar Jaya, ingkang sampun nggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, saha sih katresnan.

# PRAWACANA

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

Puji sukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT ingkang sampun paring pangayoman, saengga karaharjan, kabegjan, saha kabagyan tansah tumanduk dhateng panyerat. Satemah skripsi kanthi irah-irahan *Lelewaning Basa Perbandingan Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX*, sampun wasana anggenipun nyerat. Panyeratan skripsi menika saged kawujud inggih amargi wontenipun panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin ngrantam skripsi menika.
2. Prof. Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha *penasehat akademik* ingkang sampun paring pandom anggen kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha nyerat skripsi menika.
3. Dr. Mulyana,M. Hum. minangka *pembimbing* ingkang sampun paring bimbingan dhateng panyerat kanthi sabar.
4. Dewan penguji sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi sampun paring pitedhah saengga anggen kula damel skripsi saha ujian saged katampi.
5. Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah panjurung dhateng panyerat.
6. *Staf* karyawan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring pambiyantu dhateng panyerat.
7. Tiyang sepuh kekalih kula, Bapak Anjar Jaya saha Ibu Suyanti, ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga dhateng panyerat.
8. Kanca-kanca jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2012, mliginipun kelas C ingkang sampun paring donga lan panjurung.

9. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebataken setunggal-setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung tumrap panyerat seangga skripsi menika saged kaimpun.

Temtu kemawon skripsi menika dereng kawastanan sae, jangkep menapa malih sampurna. Pramila saking menika sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi dhateng pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 10 April 2018

Panyerat

Arimbiyana

**WOSING ISI**

Kaca

**IRAH-IRAHAN** .......... i
**PASARUJUKAN** .......... ii
**PENGESAHAN** .......... iii
**WEDHARAN** .......... iv
**SESANTI** .......... v
**PISUNGSUNG** .......... vi
**PRAWACANA** .......... vii
**WOSING ISI** .......... ix
**DAFTAR CEKAKAN** .......... xii
**DAFTAR TABEL** .......... xiii
**DAFTAR LAMPIRAN** .......... xiv
**SARINING ISI** .......... xv

**BAB I PURWAKA** .......... 1
A. Dhasaring Panaliten .......... 1
B. Undheraning Perkawis .......... 3
C. Watesaning Perkawis .......... 3
D. Wosing Perkawis .......... 4
E. Ancasing Panaliten .......... 5
F. Paedahing Panaliten .......... 5
G. Andharan Istilah .......... 5

**BAB II GEGARAN TEORI** .......... 9
A. Andharan Teori .......... 9
1. Semantik .......... 9

2. Diksi ........ 11
3. Lelewaning Basa ........ 13
4. Jinising Lelewaning Basa ........ 15
5. Fungsi Lelewaning Basa ........ 23
B. Panaliten ingkang laras ........ 29
C. Nalaring Pikir ........ 31

**BAB III CARA PANALITEN** ........ 32
A. Jinising Panaliten ........ 32
B. Data saha Sumber Data Panaliten ........ 33
C. Cara Ngempalaken Data ........ 33
D. Piranti Panaliten ........ 34
E. Cara Nganalisis Data ........ 35
F. Cara Ngesahaken Data ........ 37

**BAB IV ASILING PANALITEN** ........ 39
A. Asiling pirembagan ........ 39
B. Pirembagan ........ 49
1. Personifikasi ........ 49
2. Depersonifikasi ........ 54
3. Simile ........ 60
4. Metafora ........ 66
5. Hiperbola ........ 69
6. Metonomia ........ 74
7. Pleonasme ........ 76
8. Alegori ........ 78
9. Sinekdoke ........ 79
10. Alusio ........ 80
11. Asosiasi ........ 81
12. Eufimisme ........ 83
13. Epitet ........ 84

14. Eponim ........ 85
15. Hipalase ........ 86
16. Pars Prototo ........ 87
**BAB V PENUTUP** ........ 89
A. Dudutan ........ 89
B. Implikasi ........ 90
C. Pamrayogi ........ 90

**KAPUSTAKAN** ........ 92
**LAMPIRAN** ........ 95

# DAFTAR CEKAKAN

| | |
|---|---|
| Alego | = Alegori |
| Alusio | = Alusio |
| CLNDX | = Cakepan Lagon NDX |
| Deperso | = Depersonifikasi |
| Endah | = Ngendahaken swanten utawi tuturan |
| Eufim | = Eufimisme |
| Gegamb | = Ngandharaken Gegambaran |
| Gesang | = Gesangaken gegambaran |
| Hiperbo | = Hiperbola |
| KBBI | = Kamus Besar Bahasa Indonesia |
| Kesan | = Nuwuhaken kesan daha swasana |
| Konkrit | = Konkritisasi |
| LWpb | = Lelewaning Basa Perbandingan |
| Manah | = Gegambaran raosing manah |
| Metaf | = Metafora |
| Metono | = Metonomia |
| Nyanget | = Nyangetaken tuturan |
| Pars Pro | = Pars Prototo |
| Personif | = Personikasi |
| Pleonas | = Pleonasme |
| Ringkes | = Ngringkes seratan saha tuturan |
| Sinekdo | = Sinekdoke |

# DAFTAR TABEL

Kaca


Tabel 1: *Format kertu data jinis lelewaning basa* ........................................... *34*

Tabel 2: *Format kertu data fungsi lelewaning basa* ........................................ *34*

Tabel 3: *Format tabel analisis jinis saha fungsi lelewaning basa perbandingan* ........................................................................ *36*

Tabel 4 : *Analisis jinis saha fungsi lelewaning basa perbandingan*................ *40*

Tabel 5 : *Daftar kode irah-irahan lagon* ......................................................... *95*

Tabel 6 : *Analisis jinis saha fungsi lelewaning basa perbandingan salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX* ........................................*137*

## DAFTAR LAMPIRAN

Kaca

Lampiran 1 : Tabel daftar kode irah-irahan lagon .......................................... 95

Lampiran 2 : Cakepan lagon Hip Hop NDX................................................... 96

Lampiran 3 : Tabel Analisis Jinis Lelewaning Basa *Perbanding* Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX saha Fungsinipun ................................................................................ 137

# LELEWANING BASA PERBANDINGAN SALEBETING CAKEPAN LAGON HIP HOP NDX

**Dening Arimbiyana**
**NIM 12205244025**

## Sarining Panaliten

Panaliten menika ngandharaken jinis lelewaning basa *perbandingan* saha fungsinipun ingkang dipunginakakaken wonten salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX. Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif. Data ing panaliten menika jinis lelewaning basa perbandingan saha fungsinipun. Sumber datanipun inggih menika saking cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara. Caranipun ngempalaken data inggih menika kanthi teknik nyemak saha nyerat. Lajeng data dipun analisis kanthi teknik deskriptif.

Teknik deskriptif inggih menika cara analisis data ingkang dipuntindakakaken kanthi cara ngandharaken sedaya data miturut kategori piyambak-piyambak. Salajengipun data dipun-analisis miturut ancasipun tuturan utawi ukara. Teknik deskriptif ancasipun kangge ngempalaken data kanthi cara obyektif saha sawontenipun. Lajeng validitas data ingkang dipunginakakaken wonten salebeting panaliten menika ginakaken validitas semantis, amargi data-data ingkang awujud lelewaning basa *perbandingan* dipuntegesi adhedhasar konteks tembung utawi ukaranipun. Lajeng kangge manggihaken reliabilitas data ginakaken reliabilitas intra-rater.

Asiling panaliten menika jinis lelewaning basa *perbandingan* ingkang dipunginakakaken wonten salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara ingkang ngemot enem belas jinis lelewaning basa *perbandingan*, inggih menika: *personifikasi, depersonifikasi, simile, metafora, hiperbola, metonomia, pleonasme, alegori, sinekdoke, alusio, asosiasi, eufimisme, epitet, eponim, hipalase,* saha *pars prototo.* Lajeng fungsi saking lelewaning basa *perbandingan* wonten salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX inggih menika ngendahaken swanten utawi tuturan, nyangetaken tuturan, konkritisasi, ngandharaken gegambaran, nuwuhaken kesan saha swasana, gesangaken gegambaran, ngringkes seratan lan tuturan, saha gegambaran raosing manah.

Pamijining tembung : lelewaning basa *perbandingan,* cakepan lagon Hip Hop NDX.

# BAB I

# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka piranti wicantenan ingkang wigati tumrap masarakat, amargi basa saged dipunginakaken kangge pirembagan saha sesambetan dhumateng tiyang sanes. Basa dipunginakaken kangge ngandharaken penggalih utawi pamanggih dhateng tiyang sanes, supados saged dipuntampi menapa ingkang dipunkersakaken. Kanthi ginakaken basa ingkang trep lan sae, andharan saha pamanggih saged dipuntampi kanthi sae ugi dening tiyang sanes. Basa ugi dados *lambang* kabudayan Indonesia ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan utawi pamanggih saha kangge lambang *identitas daerah*.

Basa Jawi minangka salah satunggaling basa dhaerah ing tlatah Indonesia ingkang dipunginakaken kangge wicantenan antawisipun sesami tiyang Jawi. Basa Jawi dados piranti anggenipun ngrembakaken kabudayan Jawi, adat istiadat, upacara ritual Jawi saha kesenian tradisional Jawi, kesenian menika kadosta tembang, karawitan, ludruk, kethoprak, saha wayang, kanthi mekaten basa Jawi saged nuwuhaken ragam kultur basa Jawi. Ragam kultur basa Jawi kadosta: ragam basa karawitan, ragam basa wayang, ragam basa kethoprak, saha ragam basa tembang.

Tembang asring dipunsebat “lelagoning tembung” utawi ukara ingkang dipunsekaraken. Miturut ilmu semantik, masarakat Jawi saged ginakaken tembang kangge piranti wicantenan dhumateng tiyang sanes. Salah satunggaling tembang awujud lagon *Hip Hop* ingkang ngemot lelewaning basa saha fungsinipun.

Semantik minangka ilmu ingkang dipunginakaken kangge mangertosi jinisning lelewaning basa ingkang dipunginakaken pangripta wonten salebeting cakepan lagon Hip Hop. Lagon utawi lagu inggih menika karya musik utawi maneka warna guneman ingkang dipunlagokaken miturut wirama ingkang sampun katemtokaken.

Hip Hop inggih menika salah satunggaling budaya masarakat kulit cemeng ingkang wonten Amerika. Ananging awit saking majuning jaman, samenika Hip Hop sampun dumugi ing tanah Jawi lan masarakat Jawi mliginipun para mudha remen sanget kalian musik menika. Cakepanipun biasanipun ginakaken basa Inggris saha Indonesia, lajeng samenika wonten ingkang mawi basa Jawi. Pamilihing basa saha anggenipun ginakaken basa wonten salebeting lagon Hip Hop minangka wujud panggalih saking pangripta. Salah satunggalipun inggih menika anggenipun ginakaken lelewaning basa.

Lelewaning basa inggih menika pamilihing basa ingkang dipunginakaken pangripta kangge damel cakepan lagon Hip Hop supados langkung endah dipunmirengaken tiyang. Lelewaning basa asring ginakaken basa kias utawi basa ingkang endah, basa ingkang boten asring dipunginakaken tiyang wonten ing padintenan. Wondene jinisipun lelewaning basa inggih menika: lelewaning basa *perbandingan, pertentangan, pertautan,* lan *perulangan*. Lelewaning basa *perbandingan* dipunginakaken kangge ngandharaken penggalih kanthi cara mligi, ingkang nedahaken jiwa saha sipatipun pangripta. Lelewaning basa *perbandingan* ugi gadhah fungsi utawi ancas kangge ngandharaken wosing cakepan lelagon supados tiyang ingkang maos utawi mirengaken saged mangertosi menapa

ingkang dipunraosaken dening pangripta. Fungsi lelewaning basa *perbandingan* kadosta nedahaken gegambaran raosing manah, ngandharaken gambaran, ngendahaken swanten utawi tuturan, saha *fungsi konkritisasi*.

Adhedhasar saking andharan-andharan ing nginggil, panaliti badhe ngrembag babagan jinising lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* wonten salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara. Panaliti ginakaken obyek panaliten cakepan lagon Hip Hop NDX amargi wonten ing salebeting lelagonipun ngemot mapinten-pinten tetembungan menapa dene ukara ingkang ginakaken lelewaning basa *perbandingan*. Kangge mangertosi jinising lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* wonten salebeting lagon Hip Hop NDX kedah ginakaken kajian semantik utawi kajian makna, supados gampilaken masarakat kangge mangertosi wosing tembang ingkang dipundamel dening pangripta. Pramila adhedhasar andharan ing nginggil menika, panaliti gadhah pepinginan badhe mendhet obyek saking cakepan lagon Hip Hop NDX, panaliten menika kanthi irah-irahan ***"Lelewaning Basa Perbandingan Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX".***

## B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpendhet underaning perkawis inggih menika:

1. Jinising lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

2. Makna lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.
3. Lelewaning basa *perbandingan* ingkang kathah dipunginakaken salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.
4. Fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.
5. Peran lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

## C. Watesaning Perkawis

Saking underaning perkawis menika, panaliti matesi panaliten supados panaliten boten ndadra. Watesaning perkawis panaliten inggih menika:

1. Jinising lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.
2. Fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

## D. Wosing Perkawis

1. Menapa  kemawon jinising lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX?
2. Menapa kemawon fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX?

## E. Ancasing Panaliten

1. Madosi saha ngandharaken jinising lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.
2. Madosi saha ngandharaken menapa fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

## F. Paedahipun Panaliten

1. Kanthi panaliten menika dipunajab saged maringi wawasan dhateng pamaos babagan ilmu semantik saha saged paring sumbangan teori kangge ningkataken wawasan anggenipun naliti babagan lelewaning basa, mliginipun lelewaning basa *perbandingan.*
2. Panaliten menika dipunajab saged maringi *informasi* babagan jinising lelewaning basa mliginipun lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX saha fungsinipun.
3. Panaliten menika dipunajap kangge sarana sinau babagam kajian-kajian karya sastra, mliginipun awujud cakepan lagon Hip Hop mawi basa Jawi.

## G. Andharan Istilah

### 1. Lelewaning Basa

Lelewaning basa inggih menika cara ingkang khas kangge ngandharaken panggalih saha raos ingkang wonten ing wujud seratan utawi lisan. Kekhasan saking lelewaning basa menika saking pilian tetembunganipun ingkang boten langsung ngandharaken makna ingkang sejatosipun. Lelewaning basa ugi mengku

teges basa sastra ingkang rinacik mawi basa ingkang mirunggan sarta beda kaliyan basa padintenan, gadhah ancas supados nuwuhaken daya pangaribawa asil reriptanipun tumrap pamaos tuwin tiyang ingkang mirengaken. Dene saben pangripta gadhah cara piyambak anggenipun mahyakaken lelewaning basa.

## 2. Lelewaning Basa *Perbandingan*

Lelewaning basa *perbandingan* inggih menika lelewaning basa ingkang nandhingaken kalih perkawis ingkang dipunanggep mirip utawi gadhah persamaan sipat (bentuk) saking kalih bab ingkang dipunanggep sami. Jinising lelewaning basa *perbandingan* antawisipun *Hiperbola, Metonomia, Personifikasi, Depersonifikasi, Simile, Pleonasme, Metafora, Alegori, Asosiasi, Sinekdok, Alusio, Eufimisme, Epitet, Eponim, Hipalase,*saha *Pars Prototo.*

## 3. Cakepan

Cakepan awujud reroncening tetembungan ingkang kapilih lajeng dipunsusun dados ukara ingkang endah ingkang salajengipun dipunangge dados tembang, gerong, senggakan, suluk, sindhenan, jineman, saha gendhing (Supriyono, 2008:126). Cakepan kanthi ringkes saged dipuntegesi karya sastra ingkang dipunripta panganggitipun supados andharanipun saged katampi dening ingkang mirengaken mliginipun wonten salebeting lelagon.

### 4. Lagon Hip Hop

Lagon utawi lagu wonten ing Bausastra Jawi inggih menika cengkoking guneman utawi elak-eloking tembang ingkang dipunpocapaken miturut lagunipun (Poerwadarminta. 1939:255). Wonten Kamus Besar Bahasa Indonesia (1996:552) lagu tegesipun ragam swanten ingkang gadhah wirama. Pramila saged dipuntegesi bilih lagon utawi lagu menika karya musik utawi maneka warna guneman ingkang dipunlagokakaken miturut wirama ingkang sampun katemtokaken.

Dene Hip Hop inggih menika salah satunggaling budaya masarakat kaum kulit cemeng ingkang manggen ing Amerika ingkang dipunsebat masarakat Afro Amerika (Kellner. 2010:268). Budaya hip hop menika awujud (1) gaya utawi style sandhangan asring dipunsebat *bling-bling* amargi ngagem *asesoris* ingkang moncer, (2) jejogedan, padatanipun kanthi iringan musik rap utawi kanthi *Disc Jokey* (DJ), (3) graffiti menika seni gambar awujud seratan kadhang kala asipat *abstrak*, saha (4) RAP, wujud ekspresi masarakat Afro Amerika kanthi musik.

### 5. NDX

**NDX** menika saking cekakan **"ND"** ingkang tegesipun "Nanda" utawi nama saking paraga utawi pangripta lagon NDX menika, lajeng **"X"** menika cekakan saking tembung *"extreme"* saking basa *Inggris* ingkang ngemu surasa minangka gegambaran kawontenan ingkang *hebat*, *muncak* utawi *tertinggi*. Lajeng wonten ugi ingkang nyebat NDX A.K.A, cekakan A.K.A menika saking tembung "*As Known As*" saking basa Inggris ingkang tegesipun *alias*.

NDX inggih menika satunggaling *raper* aliran musik Hip Hop dangdut ingkang paraganipun inggih menika Yonanda Frisna Damara kasengkuyung Fajar Ari, sedherekipun. Yonanda Frisna Damara lair ing Bantul, 7 November 1995. NDX wiwit madeg taun 11 September 2011 ingkang garap lelagon *genre* Hip Hop kanthi ginakaken basa Jawi. Saengga menika ingkang dados daya tarik tumrap para mudha ing tlatah Jawi awit basanipun ingkang trep kaliyan kawontenan lan ginakaken basa padintenan. Piyambakipun sampun nganggit lagon Hip Hop dangdut ingkang cacahipun sampun langkung saking 40 lagon, sanesipun wonten ingkang *cover* utawi nyanyekakaken lagunipun tiyang sanes.

# BAB II

# GEGARAN TEORI

## A. Andharan Teori

### 1. Semantik

Tembung semantik dipunpundhut saking basa Yunani, *sema* ingkang tegesipun tandha utawi lambang. Miturut Verhaar (1981:13) bilih semantik inggih menika ilmu linguistik ingkang ngrembag babagan teges utawi makna basa. Miturut Chaer (2007:115) bilih semantik inggih menika ilmu linguistik ingkang nliti saha ngrembag babagan makna basa utawi tegesing basa.

Semantik inggih menika ilmu ingkang enggal ngrembag babagan studi teges tembung (Ullmann, 2007:1). Dene miturut Korzybski lumantar Parera (2004:18) bilih semantik inggih menika ngrembag babagan kawontenan tiyang anggenipun nyimpen pengalamanipun lumantar fungsi basa saha makna. Semantik minangka ilmu ingkang ngrembag babagan makna gadhah teges bilih makna dados bagian saking basa. Semantik ugi dados perangan saking bunyi saha tata basa.

Mulyana (2008:1) ngandharaken bilih semantik inggih menika bidang ingkang ngrembag tegesipun tembung wonten ing konteks basa tartamtu. Semantik dipunwiwiti saking milabukanipun tembung, ewah ewahanipun tembung, saha dumugi tegesing tembung. Dene Parera (2004:42) ngandharaken bilih semantik inggih menika satunggaling cabang linguistik general. Semantik ugi nyinau babagan lambang-lambang utawi tandha-tandha ingkang ngandharaken makna. Andharan saking ahli menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Chaer

(2009:2) bilih semantik inggih menika istilah ingkang dipunginakaken wonten ing bidang linguistik, ingkang gegayutan kaliyan tandha-tandha linguistik kaliyan menapa ingkang dipunparingi tandha.

Semantik saged dipunperang dados kalih jinis, inggih menika semantik leksikal saha semantik gramatikal. Kridalaksana (2001:103) ngandharaken makna leksikal inggih menika tegesing unsur-unsur basa dados tandha (lambang) aran, kadadosan, saha unsur-unsur basa ingkang boten dipuntingali saking konteks-konteksipun. Dene Chaer (2002:60) ugi ngandharaken bilih leksikal inggih menika wujud adjektif ingkang dipunmandhapaken saking wujud nomina leksikon. Peranganipun saking leksikon inggih menika leksem, leksem awujud basa ingkang ngemu teges utawi makna.

Semantik leksikal inggih menika makna leksem nalika leksem madeg piyambak wonten ing wujud dhasar saha derivasi ingkang tegesipun kirang langkung sami utawi ajeg kados dene wonten ing Bausastra. Pramila saking pamanggihipun para ahli menika, saged dipundudut sarining pangertosan, bilih semantik leksikal inggih menika teges ingkang sami kaliyan leksikal-ipun saha jumbuh kaliyan teges ing Bausastra Jawa (Suwandi, 2008:68).

Wonten nginggil sampun dipunrembag babagan semantik leksikal, dene tegesipun semantik gramatikal inggih menika teges ingkang kadadosan amargi wonten gegayutanipun saking unsur-unsur basa ing satuan-satuan ingkang langkung wiyar saha ageng, kadosta gegayutanipun antawis tembung setunggal kaliyan tembung sanesipun (Kridalaksana,2001:103). Dene Suwandi (2008:68) ngandharaken bilih semantik gramatikal inggih menika teges ingkang tuwuh

saking leksem ing salebeting ukara. Pramila semantik gramatikal inggih menika teges utawi makna ingkang tuwuh amargi wonten tetembungan ing salebeting ukara, cekakipun cara anggenipun nemtokaken teges utawi makna adhedhasar ukaranipun.

Saking pamanggihipun para ahli ing nginggil saged kadudut sarining pangertosan, bilih semantik inggih menika ilmu linguistik ingkang ngrembag babagan makna utawi teges. Semantik kaperang dados kalih jinis, inggih menika semantik leksikal saha semantik gramatikal. Kajian semantik dipunginakakaken ing panaliten menika, supados saged negesi tembung-tembung ing salebeting cakepan lelagon. Ing panaliten menika ginakaken analisis semantik leksikal, amargi anggenipun negesi tetembunngan adhedhasar kamus Bausastra Jawa.

**2. Diksi**

Pamilihing tembung utawi *diksi* inggih menika cara anggenipun milih tembung-tembung ingksng trep saha sae, ingkang asring dipunginakakaken dening pangripta. Pamilihing tembung gadhah ancas kangge ngandharaken teges saha cariyos supados langkung narik kawigatosan pamaos utawi tiyang ingkang mirengaken. Miturut Keraf (2002:24) bilih *diksi* inggih menika pamilihing tembung dening pangripta kangge bedakaken teges saha gagasan tembung ingkang jumbuh kaliyan menapa ingkang badhe dipunandharaken. Pamilihing tembung menika minangka cara kangge gampilaken pangripta anggenipun ngandharaken ide utawi gagasan, supados saged gampil dipuntampi dening tiyang ingkang maos utawi tiyang ingkang mirengaken.

Miturut Sayuti (1985:65) bilih diksi inggih menika menika pamilihing tembung saking pangripta kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang dipunraosaken dening dhirinipun pangripta. Pamilihing tembung gampilaken tiyang ingkang maos anggenipun mangertosi wosing cariyos saha teges tembung ingkang dipunginakaken, mliginipun menapa ingkang dipunserat dening pangripta saged dipuntampi kanthi sae dening tiyang ingkang maos. Pamanggih ingkang sami inggih menika miturut Pradopo (2007:54) ngandharaken bilih *diksi* inggih menika pamilihing tembung wonten ing sajak, ingkang ngandharaken kawontenan jiwa pangripta.

Miturut Barfield (lumantar Pradopo,2007:54) ngandharaken bilih diksi inggih menika tembung-tembung ingkang dipunpilih saha dipunsusun satemah saged nuwuhaken *imajinasi estetika* ingkang asring dipunsebat *diksi puitis*. *Diksi* minangka pamilihing tembung kangge ngandharaken teges tembung, supados gampil dipuntampi dening tiyang ingkang maos. *Diksi* dipunperang dados mapinten-pinten jinis, gumantung kangge ngandharaken gagasan menapa kemawon, amargi saben *diksi* menika gadhah peran piyambak-piyambak. Miturut Keraf (2002:89-108) bilih diksi utawi pamilihing tembung saged dipunbedakaken dados mapinten-pinten jinis, kadosta *idiom, jargon, slank, tembung umum, tembung ingkang mligi, tembung ilmiah, saha indria.*

Adhedhasar pamanggih para ahli ing nginggil, saged dipundudut sarining pangertosan bilih *diksi* inggih menika pamilihing tembung saking pangripta ingkang ancasipun kangge ngandharaken gagasan utawi pamanggihipun supados sedaya dipunraosaken dening dhirinipun pangripta. Pamilihing tembung utawi

*diksi* asring dipunginakakaken wonten ing karya sastra, amargi *diksi* saged dipunginakakaken kangge narik kawigatosan tiyang ingkang maos saha kangge gampilaken tiyang mangertosi wosing cariyos ingkang dipunserat dening pangripta.

**3. Lelewaning Basa**

Gaya bahasa wonten ing salebeting kasusastran Jawi asring dipunsebat lelewaning basa. Lelewaning basa dipunpendhet saking tembung “*lewa*” ingkang tegesipun patrap ingkang dipunracik supados saged narik kawigatosan ing manah (Poerwadarminta, 1939:268). Miturut pamanggih Warriner (Tarigan, 1985:5) lelewaning basa inggih menika cara anggenipun mahyakaken basa kanthi *imajinatif*, boten namung adhedhasar basa ingkang pokok. Lelewaning basa sampun kapacak mawi basa endah, pramila saged nuwuhaken basa ingkang langkung sae saha manis. Dene miturut Esinklopedia Sastra Indonesia (2004:479) ngandharaken bilih lelewaning basa inggih menika prastawa anggenipun ginakaken tembung ingkang tegesipun boten limrah. Lelewaning basa saged nuwuhaken pamikiran tartamtu tumrap tiyang ingkang maos utawi mirengaken.

Pradopo (1987:93) ngandharaken bilih lelewaning basa inggih menika basa ingkang dipunginakakaken kangge media wonten ing pacelathon ingkang mligi. Ancasipun ginakaken lelewaning basa menika kangge narik kawigatosan, nedahaken kapribaden, saha ngendahaken basa. Pramila, lelewaning basa ginakaken basa ingkang mirunggan kangge ngasilaken daya pangaribawa tartamtu. Pamanggih menika sami kaliyan Keraf (1990:113) bilih lelewaning basa

inggih menika cara anggenipun ngandharaken gagasan utawi basa ingkang mirunggan, pangripta saged nedhahaken kapribadenipun. Kaprigelan pangripta anggenipun ngolah tetembungan saha ukara saged nuwuhaken lelewaning basa. Pramila anggenipun pangripta nyerat karya sastra ginakaken lelewaning basa, dadosaken seratan ingkang dipundamel saged katingal langkung endah saha sae.

Miturut Teeuw (1984:72) ngandharaken bilih lelewaning basa inggih menika cara anggenipun ginakaken basa ingkang boten limrah, ananging basa menika langkung endah saha langkung sae. Lelewaning basa menika nedahaken ciri khas pangripta anggenipun damel karya sastra, awit saben pangripta ginakaken lelewaning basa ingkang beda-beda. Lajeng pamanggih sanesipun miturut Ratna (2009:416) lelewaning basa inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge damel karya sastra supados basanipun langkung endah lan gadhah aspek estetis. Saking pamanggih menika saged dipundudut bilih lelewaning basa asring dipunginakaken pangripta kangge damel karya sastra saha saged nuwuhaken ciri khas basa ingkang beda-beda.

Saking pamanggih ing inggil saged dipundudut sarining pangertosan, bilih lelewaning basa inggih menika basa ingkang beda kaliyan basa padintenan saha rinacik mawi basa ingkang mirunggan. Panganggenipun lelewaning basa gadhah ancas kangge nuwuhaken daya pangaribawa saking pangripta dhumateng pamaos tuwin tiyang ingkang mirengaken. Saben pangripta ugi gadhah cara piyambak anggenipun mahyakakaen lelewaning basa kanthi netepi unsur narik kawigatosan pamaos utawi pamireng.

**4. Jinising Lelewaning Basa**

Keraf (2004:117-145) ngandharaken bilih lelewaning basa dipunpantha adhedhasar pamiling tegesipun, susunan ukara, tembung, saha wirama ing salebeting lelewaning basa. Lelewaning basa dipunpantha dados mapinten-pinten jinis, inggih menika :

a. Lelewaning basa adhedhasar tegesipun, kaperang dados kalih (2) inggih menika lelewaning basa langsung (retoris) tuwin lelewaning basa kiasan (tropes). Dene jinis lelewaning basa retoris inggih menika *ironi, asonansi, anastrof, silepsis saha zeugma, pleonasme, prolepsis, eufimismus, elipsis, hysteron proteron, pitakenan ritoris, tautology, apofasis, apostrof, litosis, inuendo, perifrasis, kiasmus, asindenton,* saha *aliterasi;*
b. Lelewaning basa adhedhasar susunan ukara saged kaperang dados lelewaning basa klimaks, lelewaning basa antiklimaks, antitesis, pararelisme, saha repetisi;
c. Lelewaning basa adhedhasar tembung dipunperang dados lelewaning basa guneman, lelewaning basa resmi,lelewaning basa boten resmi;
d. Lelewaning basa adhedhasar wirama, inggih menika awujud lelewaning basa luhur saha *bertenaga*, lelewaning basa samadya, saha lelewaning basa prasaja.

Pamanggih sanesipun miturut Tarigan (1985:9-122) bilih lelewaning basa gadhah mapinten-pinten jinis antawisipun wonten seket gangsal (55) jinis, ingkang dipunpantha dados sekawan perangan ageng. Wondene sekawan perangan ageng jinis lelewaning basa miturut Tarigan, inggih menika:

1. Lelewaning basa *pertentangan*

Lelewaning basa *pertentangan* inggih menika lelewaning basa ingkang ginakaken tembung-tembung kias ingkang tegesipun beda kaliyan kawontenan sejatosipun. Pangripta ginakaken jinis lelewaning basa menika kanthi ancas nuwuhaken kesan dhumateng pamaos utawi tiyang ingkang mirengaken.

Jinis lelewaning basa *pertentangan* inggih menika wonten *ironi, oksimoron, antifrasis, paranomasia, paradoks, hysteron proteron, paralipsis, litotes, klimaks, antiklimaks, hipalase, zeugma* lan *silepsis, sinisme, sarkasme, satire, inuendo, aposrof, anasrof, apofasis,* saha *hiperbola;*

2. Lelewaning basa *pertautan*

Jinis lelewaning basa *pertautan* inggih menika wonten *sinekdok, gradasi, alusio, eufimisme, asindeton, eponim, polisindenton, epitet, antonomasia, metonomia, erotesis, paralelisme,* saha *ellipsis;*

3. Lelewaning basa *perulangan*

Jinis lelewaning basa *perulangan* ngewrat tembung, frasa, saha ukara ingkang dipunwongsal-wangsuli, amargi tembung utawi ukara menika dipunanggep wigati sanget. Lelewaning basa menika ancasipun kangge maringi *tekanan* ing salebeting konteks (Tarigan, 1985:180).

Jinis lelewaning basa perulangan kaperang dados *antanaklasis, mesodiplosis, kiasmus, epanalepsis, epizeukis, anadilopsis, tautotes, asonansi, simploke, epistrofa, anafora,* saha *aliterasi;*

4. Lelewaning basa perbandingan

Inggih menika jinis lelewaning basa ingkang bedakaken kalih perkawis ingkang beda, dene perkawis ingkang dipunbandhingaken gadhah sipat saha wujud ingkang mirip.

Jinis lelewaning basa *perbandingan* dipunperang dados sedasa (10) inggih menika : *personifikasi, dipersonifikasi, perifrasis, prolepsis utawi antisipasi, alelgori,antitesis, koreksio* utawi *panortesis, pleonasme utawi tautology, metafora,* saha *simile* utawi *perumpamaan.*

Miturut pamanggih para ahli babagan jinising lelewaning basa wonten ing nginggil, saged dipundudut sarining pangertosan bilih saben pangripta anggenipun ginakaken lelewaning basa menika beda-beda. Pramila boten sedaya jinis lelewaning basa dipunginakaken kangge damel karya sastra ananging gumantung kaliyan menapa ingkang badhe dipunandharaken saha *konteks*-ipun.

**5. Lelewaning Basa *Perbandingan***

Lelewaning basa perbandingan inggih menika jinis lelewaning basa ingkang mbedakaken kalih perkawis ingkang beda, dene perkawis ingkang dipunbandingaken gadhah sipat saha wujud ingkang mirip.

Pradopo (2005:62) ngandharaken bilih lelewaning basa *perbandingan* inggih menika basa kiasan ingkang bandingaken satunggaling samukawis kaliyan samukawis sanesipun ingkang dipunanggep mirip kanthi ginakaken tembung-tembung pambandhing kadosta : kadya, kaya, paribasane, lan sanesipun.Saking

pamanggih wonten ing nginggil kadudut lelewaning basa *perbandingan* inggih menika lelewaning basa ingkang nandhingaken kalih perkawis ingkang dipunanggep mirip utawi gadhah *persamaan* sipat (*bentuk*) saking kalih perkawis ingkang dipunanggep sami. Lelewaning basa *perbandingan* menika antawisipun wonten : *hiperbola, metonomia, personifikasi, pleonasme, metafora, sinekdoke, alusi, simile,asosiasi, eufemisme, epitet, eponym, saha hipalase.*

**a. Hiperbola**

Inggih menika lelewaning basa ngemot pamanggih ingkang nyangetaken, kanthi ngageng-ngagengakaken samukawis tartamtu (Keraf, 2004:135). *Hiperbola* ugi ngandharaken salah satunggaling bab, prastawa utawi samukawis kanthi cara nyangetakaken gegambaran supados langkung narik kawigatosan (Achmadi, 1988:18).

Tuladhanipun: *Awak rasane kungkrah kaya digebuki*
*Pikirane semrawut dadi saya ra genah*

**b. Metonomia**

Inggih menika lelewaning basa ingkang ginakaken salah satunggaling tembung kangge ngandharaken babagan sanes, amargi gadhah gegayutan ingkang cecaketan (Keraf, 2004:142). Pamanggih sanesipun Altenberd (lumantar Pradopo, 2005:77) ngandharaken menawi *metonomia* inggih menika panganggening basa dados jinis atribut objek utawi panganggening samukawis ingkang sanget caket gegayutan kangge gantos objek kasebut, pramila asring nyebataken *merk* saking objekipun.

Tuladhanipun: *Dituruti apa wae, jaluk* ***Mercy*** *tak tembuske.*

**c. Personifikasi**

Inggih menika lelewaning basa *kiasan* ingkang gambaraken samukawis tartamtu minangka samukawis ingkang boten gadhah nyawa supados katingal gadhah sipat kadosdene manungsa (Keraf, 2004:140). Lajeng miturut pamanggihipun Tarigan (1985:17) *personifikasi* menika lelewaning basa ingkang nyawisaken sipat *insani* dhateng samukawis ingkang boten gadhah nyawasarta dados pamanggih ingkang sipatipun *abstrak.*

Tuladhanipun: *Neng kamarku iki sik isa dadi seksi*
*Perjalanan cintaku cukup sampai di sini*

**d. Depersonifikasi**

Depersonifikasi inggih menika kewalikanipun saking lelewaning basa personifikasi utawi penginsanan. Menawi personifikasi nginsanaken utawi damel gesang *benda*, ananging depersonifikasi menika wonten ing ukara pengandaian (Tarigan, 1985:21).

Tuladhanipun: *Pancene kowe tega medhot tali asmara*
*Rabi karo wong liya*
*Blenjani tresnaku nelangsa*

**e. Simile (*Perumpamaan*)**

Inggih menika lelewaning basa *perbandingan* mawi tandha *konstruksional* kanthi cara *eksplisit*, inggih menika nandhingaken kalih samukawis ingkang hakikatipun beda dipunanggep sami. Anggenipun nandhingaken kanthi cara langsung, titikanipun ngginakaken tembung pindha, kadya, lir, yayah, kaya lsp (Moeliono, 1989:175).

Tuladhanipun: *Atimu kaya watu sik ra bakal isa lebur*
*Arepa ditetesi udan deres ra bakal mumur*

**f. Pleonasme**

Inggih menika lelewaning basa ingkang ginakaken tembung-tembung *mubadir,* sejatosipun tembung menika boten prelu saengga menawi salah satunggaling tembung dipunbucal tegesipun tetep wetah (Keraf, 2004:133). *Pleonasme* menika ngemot tembung ingkang mubadir, ingkang sejatosipun boten prelu (Poerwadarminta lumantar Tarigan, 1985:29).

Tuladhanipun: *Wong bagus dadi laku*
*Godha ati rinten siyang dalu*

**g. Metafora**

Inggih menika lelewaning basa *perbandingan* kanthi cara *implisit,* tembung ingkang dipunginakaken boten mengku teges ingkang sejatosipun. Lelewaning basa *metafora* tanpa ginakaken tembung panandhing ing antawisipun samukawis ingkang beda (Moeliono lumantar Tarigan, 1985). Dene Keraf ingkang nandhingaken kalih samukawis kanthi cara langsung, kanthi wujud ingkang cekak tanpa ginakaken tembung kadya, lir, yayah, kaya lsp.

Tuladhanipun: *Tresnaku sing ngrembuyung, saiki wis dadi garing*
*Aku lila pisah kanthi lair batin*

**h. Alegori**

Keraf (2004:140) ngandharaken bilih *alegori* menika lelewaning basa perbandingan ingkang gegandhengan setunggal kaliyan sanesipun kanthi wutuh. Lelewaning basa alegori kadudut lelewaning basa perbandingan ingkang

gegayutan satunggal kaliyan sanesipun wontening kesatuan ingkang utuh.

Tuladhanipun: *Uwisana eluhmu*
*Brebes mili ana ing pipi*

**i. Sinekdoke**

Keraf (2004:142) ngandharaken bilih sinekdoke inggih menika kados dene basa figuratif ingkang ginakaken sebagian saking satunggaling samukawis kangge ngandharaken keseluruhan utawi ginakaken keseluruhan kangge ngandharaken sebagian. Saking pamanggihing nginggil kadudut sinekdoke inggih menika lelewaning basa ingkang ngginakaken nama saperangan kangge sedayanipun utawi kewalikanipun.

Tuladhanipun: *Neng kamarku iki sing dadi seksi.*

**j. Alusio**

Inggih menika lelewaning basa minangka pancering kang gadhah ancas niti priksa utawi *mensugestikan kesamaan* antawisipun, tiyang, papan, utawi prastawa (Keraf, 2004:141).

Tuladhanipun: *Kowe tau neng uripku, tansah ana neng atiku*
*Ra bakal luntur sadurunge janur kuning melengkung*

**k. Asosiasi**

Maulana(2008: 2) ngandharaken bilih "*asosiasi*" inggih menika lelewaning basa perbandingan ingkang sipatipun nandhingaken samukawis kaliyan kahanan sanes ingkang jumbuh kaliyan kahanan ingkang dipungambaraken". Kadudut asosiasi inggih menika lelewaning basa ingkang nandhingaken perkawis ingkang sanesipun kanthi dipungambaraken.

Tuladhanipun :

*Dikeki ati rogoh rempela*

*Wis tak gawe meneng kowe tetep tak anggep kanca*

**l. Eufemisme**

Inggih menikapancerawujud ungel-ungelan ingkang boten nyinggung raosipun tiyang, utawi ungel-ungelan ingkang alus kangge gantos pancer ingkang dipunraosaken kasar, ngasoraken utawi kangge *mensugestikan* samukawis ingkang dipunraosaken boten ngremenaken. (Keraf, 2004:132).

Tuladhanipun:

*Sayang, nganti memutih rambutku*

*Ra bakal luntur tresnaku*

**m. Epitet**

Keraf (2004:141) ngandharaken bilih *epitet* menika kados dene acuan ingkang ngandharaken satuggaling sipat utawi titikan ingkang mligi saking satunggaling tiyang utawi samukawis. Saking pamanggih menika kadudut epitet inggih menika lelewaning basa awujud tiyang utawi samukawis tartamtu kanthi titikan ingkang mligi saengga namanipun dipunginakaken kangge ngandharaken sipat menika.

Tuladhanipun :

*Dhuh pepujaning ati apa kowe ora ngerti*

*Apa kowe ora ngerti kowe sing tak anti-anti*

**n. Eponim**

Inggih menika lelewaning basa ingkang ginakaken nama tiyang utawi nama tokoh. Nama-nama kasebut asring dipungayutaken kaliyan sipat tartemtu, saengga nama kala wau dipunginakaken kangge ngandharaken sipat menika (Keraf, 2004:141).

Tuladhanipun: *Ngaku-ngaku Arjuno kamangka kowe kecu.*

**o. Hipalase**

Inggih menika lelewaning basa awujud salah satunggaling tembung tartamtu dipunginakaken kangge ngandharaken tembung sanesipun, dene sejatosipun dipuntujokakaken dhateng tembung ingkang beda (Keraf, 2004:142).

Tuladhanipun: *Pancen aku raisa nyenengke kowe nganggo dhuwit*
*Aku wong cilik sik uripe pait*

**p. Pars prototo**

Keraf(2004:142)*Parsprototo* inggih menika lelewaning basa ingkang gambaraken *sebagian* kangge *keseluruhan*. Saengga kanthi nyebataken sebagian saking samukawis sampun saged dados wakil kagem sedayanipun kanthi wutuh.

Tuladhanipun: *Apa iki wis dalane?*
*Kudu pisah kelangan tresnane*

**6. Fungsi Lelewaning Basa**

Miturut Keraf (1990:99) lelewaning basa menika cakepanipun langkung wiyar, boten namung ngrembag unsur-unsur ukara ananging ugi sedaya *hierarki* kebahasaan. Hierarki kebahasaan ngemot tembung kanthi individual, klausa, frasa, saha ukara ing salebeting wacana. Lelewaning basa ugi kalebet *figure of speech*, inggih menika mupangatipun maneka warna, kadosta ngandharaken perkawis, *memperkuat*, gesangaken obyek mati, *menstimulasi, asosiasi*, nuwuhaken dagelan, saha kangge damel kaendahan utawi hiasan.

Miturut Pradopo (2002:62) bilih mupangat lelewaning basa inggih menika *menyegarkan*, narik kawigatosan, gesangaken perkawis, saha nuwuhaken

gegambaran utawi angen-angen. Dene pamanggih sanes inggih menika miturut Nurgiyantoro (2002:297) bilih lelewaning basa ancasipun kangge nuwuhaken kesan, swasana, saha ngendahaken tuturan.

Pamanggih para ahli ing nginggil menika ngandharaken fungsi saking lelewaning basa, dene pamanggih ingkang sami babagan lelewaning basa inggih menika bilih lelewaning basa paring daya pangaribawa ngendahaken karya sastra utawi paring daya estetika. Ananging taksih kathah malih fungsi sanesipun, saged dipunandharaken ing ngandhap menika.

**1. Konkritisasi**

Fungsi konkritisasi inggih menika lelewaning basa saged dadosaken samubarang katingal nyata, senadyan samubarang menika namung abstrak utawi kasad mata. Pamanggih menika sami kaliyan pamanggihipun Perrin (lumantar Badrun, 1989:26) bilih lelewaning basa inggih menika sarana ingkang dipunginakaken dening pangripta kangge ngandharaken samukawis ingkang abstrak dados katingal nyata. Tuladhanipun:

*Apa iki wis dalane, kudu pisah kelangan tresnane.*

Saking tuladha ing nginggil, bilih dalan katresnan menika samukawis ingkang abstrak, ananging saged kagambaraken gadhah dalan utawi margi. Saking andharan menika saged katingal bilih tetembunganipun damel katingal langkung nyata, saengga gadhah mupangat konkritisasi.

**2. Nuwuhaken kesan saha swasana**

Miturut Nurgiyantoro (2002:297) bilih lelewaning basa ancasipun kangge

nuwuhaken kesan saha swasana tartamtu. Kesan ingkang asring wonten ing salebeting lelewaning basa inggih menika kesan ingkang endah saha sae menapa dene kesan ingkang boten sae. Kejawi nuwuhaken kesan, lelewaning basa ugi saged nuwuhaken swasana kadosta swasana sedhih, bungah, ajrih, saha lingsemaken. Tuladhanipun:

*Tumetesing iluhku nganti kaya tirta segara.*

Saking tuladha ing nginggil, katingal tetembunganipun saged damel kesan utawi mratandhakaken bilih swasana saking panyerat inggih menika nembe sedhih awit gambaranipun nembe nangis, minangka pratandha nembe susah penggalihipun.

**3. Gesangaken gegambaran**

Lelewaning basa ancasipun saged gesangaken gegambaran, tegesipun bilih gegambaran saking samukawis menika saged langkung katingal gesang saha nyata. Jinis lelewaning basa ingkang asring saged gesangaken gegambaran inggih menika lelewaning basa *personifikasi*. Miturut Pradopo (2002:75) bilih jinis lelewaning basa *personifikasi* ancasipun kangge gesangaken samukawis.

*Personifikasi* inggih menika lelewaning basa ingkang saged gambaraken samubarang ingkang pejah dados katingal gesang saha gadhah sipat kados manungsa gesang. Pramila, ancasipun lelewaning basa saged kangge gesangaken gegambaran supados samubarang ingkang boten gadhah nyawa utawi mati saged katingal gesang saha nuwuhaken sipat kados manungsa. Tuladhanipun:

*Sayang, apa kowe krungu jerite atiku?*

Saking tuladha ing nginggil saged katingal bilih nedahaken gegambaran awit saking tetembunganipun. Ati menika satunggaling perangan ingkang wonten ing raganipun manungsa. Ananging kadamel saged jerit kados dene manungsa gesang ingkang saged micara menapa dene jerit. Pramila saking andharan menika saged dados tuladha fungsi lelewaning basa gesangaken gegambaran.

**4. Ngringkes seratan saha tuturan**

Miturut pamanggihipun Perrin (lumantar Waluyo: 1987:831) bilih lelewaning basa inggih menika cara anggenipun ngandharaken samukawis ingkang wiyar kanthi cara ingkang ringkes. Dene Nurgiyantoro (2002:274) ngandharaken bilih lelewaning basa saged ngringkes andharan ingkang wiyar saha kangge gampilaken mangertosi wosing andharan. Tuladhanipun:

*Jaremu nek ra FU kowe ora i love you.*

Saking tuladha ing nginggil nedahaken fungsi lelewaning basa inggih menika ngringkes seratan utawi tuturan. Katiti saking tetembungan ingkang kaginakaken inggih menika tembung "*FU*". Tembung "*FU*" menika sejatosipun merk satunggaling sepedha motor. Ananging boten dipunsebataken menawi menika sepedha motor, awit ing saben dintenipun sampun boten asing kangge masarakat bilih "*FU*" menika satunggaling merk sepedha motor. Kangge ngringkes tuturan menapa dene seratanipun pramila tembung "sepedha motor" boten kaserat ananging cekap nyerat "*FU*" kemawon.

### 5. Ngandharaken gegambaran

Miturut pamanggihipun Waluyo (1987:8) bilih lelewaning basa minangka sarana utawi piranti kangge gambaraken samukawis kanthi cetha. Dene Perrin (lumatar Tarigan 1985:26) ngandharaken bilih lelewaning basa inggih menika cara ingkang langkung efektif kangge ngandharaken samukawis kanthi cetha. Gegambaran ingkang katingal samar-samar, saged dipunandharaken kanthi cetha migunakaken tembung-tembng ingkang trep. Pramila saged dipundudut bilih lelewaning basa dipunginakaken kangge ngandharaken deskripsi utawi gegambaran tumrap samukawis ingkang samar-samar dados langkung cetha utawi gamblang. Tuladhanipun :

*Atiku jembar kaya segara.*

Saking pethikan menika ngandharaken gegambaran kanthi nandhingaken ati utawi manah kaliyan jembare segara. Menika gadhah teges bilih atinipun sabar sanget awit gegambaranipun kados jembare segara. Awit ing kasunyatan segara menika wiyar sanget lan kados dene boten winates. Pramila ati katandhingaken kados dene segara, awit saking wiyaripun segara minangka pratandha sabare manah satunggaling tiyang.

### 6. Ngendahaken swanten utawi tuturan

Basa endah ingkang dipunginakaken ing salebeting karya sastra saged nuwuhaken basa ingkang sae saha sampurna. Kejawi menika, ing salebeting karya sastra asring ginakaken basa ingkang gadhah teges rangkep, pramila saged nuwuhaken penggalih ingkang beda-beda (Teeuw lumantar Widayat, 2001:6).

Padmosoekotjo (1958:100) ngandharaken bilih *persamaan bunyi* (swara) kanthi sesebutan purwakanthi. Piyambakipun ugi mantha dados 3 jinis, inggih menika *purwakanthi guru swara* (pengulanganbunyi), *purwakanthi guru sastra* (pengulangan aksara), dan *purwakanthi lumaksita* (pengulangan kata). Tuladhanipun :

*Pancene kowe tega, medhot tali asmara.*

*Rabi karo wong liya, blenjani tresnaku nelangsa.*

Saking tuladha ing nginggil saged katingal purwakanthinipun, tembung tega, asmara, liya,saha nelangsa menika kanthi akhiran vocal (a). Pramila saged nuwuhaken irama ingkang endah, awit ing pungkasan tetembunganipun ngagem vokal ingkang sami.

**7. Nyangetaken tuturan**

Salah satunggaling fungsi lelewaning basa inggih menika kangge nyangetaken tuturan tumrap andharan ingkang wigati. Fungsi nyangetaken tuturan menika asring dipunginakaken wonten ing lelewaning basa perbandingan. Wontenipun tetembungan ingkang dipunwongsal-wangsuli saged nuwuhaken teges utawi maksud ingkang cetha. Tuladhanipun :

*Rasane atiku remuk ra karuan.*

Saking tuladha ing nginggil saged dipuntingali tetembunganipun nyangetaken tuturan. Awit caos gegambaran raos manahipun ingkang kawontenanipun remuk ra karauan. Tetembungan menika damel gegambaran ingkang boten wonten watesanipun, saengga nyangetaken tuturan. Pamilihing

tetembunganipun dados pratandha bilih menika gadhah ancas caos gegambaran ingkang nyangetaken kawontenan.

**8. Gegambaran raosing manah**

Lelewaning basa dipunginakaken pangripta kangge ngandharaken raos manahipun pangripta utawi tiyang ingkang dipundadosaken paraga. Saking ukaranipun ngemot lelewaning basa ingkang saged nuwuhaken gegambaran raosing manah. Gegambaran raosing manah menika kadosta raos bungah, raos sedhih, raos tresna, raos kuciwa, lan sanesipun. Tuladhanipun :

*Tulus suci tresnaku*
*Ya mung kanggo sliramu*

Saking tuladha menika saged katingal bilih menika ngemot lelewaning basa ingkang ancasipun kangge gambaraken raos tresna ingkang tulus suci. Pramila saking tetembunganipun saged nuwuhaken gegambaran raosing manah ingkang gadhah raos tresna ingkang saestu tulus lan suci.

## B. Panaliten ingkang laras

Panaliten ingkang laras kaliyan panaliten menika, inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi dening Dika Rudianto rikala 2009 saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni UNY, kanthi irah-irahan "*Lelewaning Basa Panyandra Salebeting Upacara Panggih Gagrag Surakarta*". Panaliten menika awujud skripsi, dene ingkang dados obyek panalitenipun inggih menika ngrembag babagan jinis lelewaning basa ing salebeting basa panyandra upacara panggih gagrag Surakarta.

Wondene jinis lelewaning basa ingkang dipunginakaken ing basa

panyandra cacahipun wonten 4 (sekawan) jinis. Dene sekawan (4) jinis lelewaning basa inggih menika lelewaning basa *pertautan*, lelewaning basa *pertentangan*, lelewaning basa *perbandingan*, saha lelewaning basa *perulangan*. Saking sekawan (4) jinis lelewaning basa menika saged dipunperang dados kawandasa kalih (42) jinis ingkang langkung alit saha rinci. Panaliten menika laras kaliyan panaliten Dika Rudianto, amargi sami-sami ngrembag babagan lelewaning basa. Ananging ingkang dados bedanipun panaliten menika saking obyek panalitenipun. Panaliten Rudianto Dika menika obyekipun basa panyandra upacara panggih, dene ingkang dados obyek panaliten menika cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara.

Panaliten menika ugi jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Purbowati Dewi rikala taun 2012 kanthi irah-irahan "*Gaya Bahasa Perbandingan dalam Kumpulan Roman Ser! Randha Cocak karya Suparto Brata*". Panaliten ingkang katindakaken dening Dewi Purbowati menika awujud skripsi ingkang ginakaken basa Indonesia. Bedanipun kaliyan panaliten ingkang badhe dipuntliti panaliti inggih menika obyekipun, awit salebeting panaliten Dewi Purbowati menika obyekipun karya sastra awujud cariyos Roman Randha Cocak anggitanipun Suparto Brata, dene panaliten menika ginakaken obyek cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara. Sinaosa mekaten, kakalih panaliten sami-sami nliti lelewaning basa *perbandingan*.

## C. Nalaring Pikir

Irah-irahan saking panaliten menika "*Lelewaning Basa Perbandingan Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX*". Saking wosing perkawis, panaliten menika ngandharaken babagan jinis lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

Cakepan lagon menika asring ginakaken basa-basa endah saha basa ingkang boten limrah dipunginakakaken ing padintenan. Basa endah saha basa boten limrah menika asring dipunsebat lelewaning basa, pangripta ginakaken lelewaning basa supados cakepan lagon Hip Hop Jawi menika langkung nuwuhaken raos lan gegambaran saha narik kawigatosan tiyang.

Lelewaning basa *perbandingan* ingkang dipunginakaken dening pangripta wonten gandheng cenengipun kaliyan pamilihing tembung. Lelewaning basa menika kathah jinisipun, kadosta lelewaning basa *pertentangan*, lelewaning basa *pertautan*, lelewaning basa *perbandingan* saha lelewaning basa *perulangan*. Wonten ing panaliten menika mligi ngrembag babagan jinis lelewaning basa *perbandingan*, saha fungsi saking lelewaning basa *perbandingan* ingkang kapanggihaken salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

# BAB III

# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngrembag bab lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara. Ingkang badhe karembag inggih menika gayut kaliyan jinis saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX. Pramila jinising panaliten menika ginakaken panaliten deskriptif.

Sudaryanto (1985:62) ngandharaken bilih cara deskriptif inggih menika cara panaliten ingkang kalampahan namung adhedhasar fakta utawi kasunyatan. Kanthi tembung sanes panaliten deskriptif menika panaliten miturut kahanan ingkang sawontenipun utawa jumbuh kaliyan kasunyatan. Jumbuh kaliyan pamilihing cara deskriptif panaliten cakepan lagon Hip Hop NDX miturut fakta ingkang wonten salebeting lagon Hip Hop NDX. Saengga boten kinarya-karya, sedaya ingkang dados obyek panaliten menika dipungambaraken kanthi boten wonten ewah-ewahan.

Sudaryanto ugi ngandharaken babagan panaliten kualitatif inggih menika panaliten ingkang wujudipun basa, data awujud tembung-tembung utawi ukara. Pramila menika jumbuh kaliyan obyek ingkang dipuntliti inggih menika cakepan lagon Hip Hop NDX ingkang awujud tembung-tembung utawi ukara. Panaliten menika ndeskripsikaken bab jinising lelewaning basa perbandingan saha fungsi

lelewaning basa perbandingan salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara.

## B. Data saha Sumber Data Panaliten

Data wonten ing panaliten menika awujud cakepan lagu Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara nalika taun 2011 dumugi 2018. Data ingkang dipunpendhet inggih menika pethikan-pethikan cakepan lagun Hip Hop NDX ingkang tetembungan utawa ukaranipun kalebet lelewaning basa *perbandingan*. Dene sumber data panaliten inggih menika cakepan lagu Hip Hop NDX.

## C. Caranipun Ngempalaken Data

Cara ngempalaken data wonten ing panaliten menika ginakaken teknik nyemak saha nyerat. Lampahipun nyemak inggih menika (1) mirengaken saha nyemak cakepan lagon Hip Hop NDX; (2) milih saha milah lagu ingkang saged dipuntliti lan boten mlebet kualifikasi; (3) lagu dipuntranskripsi awujud seratan kanthi referensi cakepan ingkang sampun dipundownload saking internet; (4) ngambali mirengaken makaping-kaping sinambi nyocokaken cakepanipun; (5) nyerat perangan-perangan ingkang ngemu data lelewaning basa *perbandingan*; (6) data dipunlebetaken wonten kertu data supados nggampilaken klasifikasi; saha (7) damel deskripsi data.

Data ingkang dipunpendhet inggih menika pethikan-pethikan cakepan lagon ingkang ngemu lelewaning basa *perbandingan.* Sasampunipun data dipunserat wonten ing kertu data, lajeng data dipunklasifikasi miturut jinising

lelewaning basa *perbandingan*. Mekaten menggah wujud saking format kertu datanipun :

Tabel 1 : Format Kertu Data Jinis Lelewaning Basa

| **Data** | *Sayang apa kowe krungu* ***jerite atiku*** |
|---|---|
| **Nomer data** | LBpd.04 |
| **Jinis lelewaning basa perbandingan** | Personifikasi |

Tabel 2 : Format Kertu Data Fungsi Lelewaning Basa

| **Data** | **Fungsi** |
|---|---|
| *Kowe sing tak anti-anti malah jebul saiki kowe blenjani janji* (LBpd.06) | Gegambaran raos kuciwaning manah tiyang. Nedahaken kawontenan manah pangripta ingkang nembe boten ngremenaken, awit sampun dipundamel kuciwa dening pacanganipun. |

**D. Piranti Panaliten**

Piranti panaliten inggih menika piranti utawi fasilitas ingkang dipunginakaken paniliti kangge ngempalaken data supados panaliten langkung gampil saha asilipun langkung sae inggih menika langkung tliti, jangkep, saha runtut ingkang dayani data langkung gampil dipunolah. Piranti ingkang dipunginakaken ing panaliten menika wonten kalih (2) jinis, inggih menika piranti utama saha piranti panyengkuyung. Piranti utama wonten ing panaliten menika awujud kertu data.

Ancasipun kertu data kangge gampilaken panaliti anggenipun mantha-mantha data saha nliti sedaya wujud data. Panaliti minangka instrumen utama langkung dominan anggenipun madosi data saha nganalisis data. Dene piranti

panyengkuyung ing panaliten menika awujud kertas, bolpoin, saha tinta warna warni kangge paring tandha ing deratan data, alat elektronik kadosta *laptop*, *flashdisk, printer, handphone*, saha *speaker*.

## E. Cara Nganalisis Data

Teknik analisis ingkang dipunginakaken ing panaliten menika mawi teknik deskriptif. Teknik deskriptif inggih menika cara analisis data ingkang dipuntindakaken kanthi cara ngandharaken sedaya data miturut kategori piyambak-piyambak. Salajengipun data dipun-analisis miturut ancasipun tuturan utawi ukara. Teknik deskriptif ancasipun kangge ngempalaken data kanthi cara obyektif saha sawontenipun.

Analisis deskriptif ing panaliten menika dipunginakaken kangge negesi tetembungan ingkang ngemot jinising lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX. Wujud data asilipun panaliten menika badhe dipuncawisaken ing bentuk tabel. Tabel dipundamel saking asil klasifikasi data kanthi cara kategorial, inggih menika milah-milah data ingkang kalebet jinis lelewaning basa perbandingan saha fungsi lelewaning basa *perbandingan*. Dene analisis data wonten panaliten menika inggih menika kados mekaten.

1. Data ingkang sampun dipunpanggihaken awujud tembung, frasa, klausa, utawi ukara salebeting cakepan lagu Hip Hop NDX lajeng dipunkempalaken

miturut kategori jinis lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* adhedhasar gegaran teori.

2. Data-data ingkang sampun dipunkempalaken miturut kategori-nipun salajengipun dipunandharaken jumbuh kaliyan interpretasi saha kawruhipun panaliti babagan jinis lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa *perbandingan*.
3. Salajengipun tahap deskripsi ing salebeting kelompok utawi jinis lelewaning basa *perbandingan*. Teknik deskripsi dipuntindakaken kanthi runtut setunggal mbaka setunggal.
4. Ingkang pungkasan damel dudutan adhedhasar analisis data saha pirembagan babagan jinis lelewaning basa perbandingan saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagu Hip Hop NDX, jumbuh kaliyan teori ingkang sampun wonten.

**Tabel 3: Format Tabel Analisis Jinis saha Fungsi Lelewaning Basa Perbandingan**

| No | Lelewaning Basa Perbandingan | Data saha Panandha | Fungsi Lelewaning Basa | Katrangan |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
| **1** | ***Personifikasi*** | *Sayang, apa kowe krungu* ***jerite atiku*** *Mengharap engkau kembali* | Gesangaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa personifikasi. Katiti saking panganggening tetembungan “jerite atiku”. “Jerit” menika nyuwara kanthi irama kang dhuwur. |

## F. Cara Ngesahaken Data

Keabsahan data dipunbetahaken kangge ngecek leres saha lepatipun data ingkang dipunkempalaken dening panaliti. Keabsahan data panaliti menika seserepan sajawinipun data menika kangge ngecek saha nandhingaken data ingkang dipunkempalaken (Moleong, 2006:178).

Keabsahan data utawi validitas data dipunginakaken kangge ngempalaken data ingkang wonten tanggiljaawabipun. Wonten ing panaliten menika, panaliti nindakaken *pengecekan* tumrap data ingkang sampun dipunkempalaken. Kangge nggayuh asiling panaliten ingkang valid, panalitien menika migunakaken cara makaten.

### 1. Validitas Data

Validitas data ingkang dipunginakaken ing salebeting panaliten menika ginakaken validitas semantis, amargi data-data ingkang awujud lelewaning basa perbandingan dipuntegesi adhedhasar konteks ukaranipun. Cara kangge nggayuh asil ingkang valid inggih menika kanthi cara maos makaping-kaping saha nganalisis kanthii tliti saha premati adhedhasar gegaran teori ingkang sampun wonten. Dene validitas expert judgement ugi dipuntindakaken kanthi cara konsultasi tumrap asiling panaliten dhumateng dosen pembimbing.

Cak-cakanipun validitas semantik salebeting cakepan lagu Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara, saged dipuntingali kadosta tuladha ing ngandhap menika.

> *"Mengharap mowe bali neng njero ati iki, nganti rambutku putih nangis eluh dadi getih."*

Ukara *"nganti rambutku putih nangis eluh dadi getih"* boten mengku teges ingkang sejatosipun. Tuturan *"nganti rambutku putih"* menika ngemu teges dumugi yuswanipun sepuh, gambaraken bilih tiyang ingkang sampun sepuh menika rikmanipun werni pethak, ananging ing kasunyatan dereng tamtu sedaya tiyang ingkang sampun sepuh menika rikmanipun malih werni pethak utawi gadhah uwan. Lajeng tuturan *"nangis eluh dadi getih"* menika ugi ngemu teges ingkang beda kaliyan kasunyatan, awit menika gambaraken bangetaken satunggaling kawontenan.

Tuturan *"nangis eluh dadi getih"* gambaraken bilih tangisipun sampun banget, awit lumrahipun nangis menika awujud eluh banyu nanging menika dipunbangetaken awujud getih utawi ludira, awit saking eluhipun ingkang awujud toya sampun telas kantun getih ingkang gambaraken saking salebeting manah. Pramila, katrangan kangge gambaraken kawontenan adhedhasar konteks tuturan cakepan lagu Hip Hop NDX menika salajengipun dipuntegesi miturut validitas semantik.

**2. Reliabilitas data**

Supados kapanggihaken data ingkang saestu valid panaliten menika ngangge cara reliabilitas intra-rater. Reliabilitas intra-rater wonten ing panaliten menika bilih panaliti kedah ngambali maos kanthi tliti saha premati, amargi adhedhasar kaprigelan panaliti piyambak anggenipun nyerat saha nganalisis kedah manggihaken asil data ingkang valid, ajeg, saha trep.

# BAB IV

# ASILING PANALITEN

Wonten ing babagan menika dipunandharaken asilipun panaliten pirembagan babagan lelewaning basa perbandingan saha fungsi lelewaning basa salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara. Asilipun panaliten menika dipuncawisaken wonten ing tabel saha dipunandharaken wonten ing pirembagan, data kanthi jangkep dipuncawisaken wonten ing lampiran.

## A. Asiling Panaliten

Sasampunipun dipuntindakaken panaliten salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX menika manggihaken (1) jinising lelewaning basa perbandingan salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX; saha (2) fungsi lelewaning basa perbandingan salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX. Asilipun panaliten menika dipuncawisaken wonten ing wujud *tabel* saha dipunandharaken wontening pirembagan.

**Tabel 4. Analisis Jinis saha Fungsi Lelewaning Basa Perbandingan**

| No | Lelewaning Basa Perbandingan | Data saha Panandha | Fungsi Lelewaning Basa | Katrangan |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | ***Personifikasi*** | *Sayang, apa kowe krungu* ***jerite atiku****?* | Gesangaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa personifikasi. Katiti saking panganggening tetembungan "jerite atiku". "Jerit" menika nyuwara kanthi irama kang dhuwur. |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | | "Ati" menika manah ingkang wonten ing raganing manungsa. Personifikasi menika nandhingaken ati utawi manah kaliyan manungsa ingkang sipatipun saged nyuwara. -Fungsi lelewaning basa personifikasi menika gesangaken gegambaran. Bilih ati utawi manah menika kagambaraken kados dene sipat manungsa ingkang saged nyuwara. |
| 2 | ***Depersonifikasi*** | *Jarene **kanca kenthel**, bojoku tok sleding tekel.* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa depersonifikasi. Katiti saking panganggening tetembungan "kanca kenthel" Tembung kanca menika katandhingaken kaliyan samukawis ingkang gegayutan kaliyan toya, awit tembung "kenthel" menika sipat saking samukawis ingkang gayut kaliyan toya. Kamangka tegesipun kanca kenthel menika kanca ingkang caket sanget. -Fungsi lelewaning basa depersonifikasi menika ngandharaken gegambaran |

Tabel salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
|---|---|---|---|---|
| | | | | kawontenan, inggih menika kawontenan ingkang boten ngremenaken. Katiti saking tetembunganipun ingkang nedahaken kawontenan bilih garwanipun dipunrebut dening kanca caketipun piyambak. |
| **3** | ***Simile*** | *Tumetesing iluhku nganti **kaya** tirta segara.* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa simile .<br>Katiti saking panganggening tembung panggandheng “kaya”. Simile menika nandhingaken kathahipun banyu iluh menika kados dene tirta segara ingkang cacahipun tamtu boten winates<br>-Fungsi lelewaning basa simile menika ngandharaken gegambaran. Bilih iluh menika tamtu kemawon wonten nalika nembe nangis, saking kathaipun iluh (awujud toya) ingkang tumetes menika kagambaraken kados dene tirta segara |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| 4 | ***Metafora*** | *Apa iki wis* ***dalane****, kudu pisah kelangan tresnane.* | Konkritisasi | -Jinising lelewaning basa metafora. Katiti saking panganggening tembung "dalane". Dalan utawi margi menika minangka perumpamaan ananging boten ngangge tembung panggandheng. -Fungsi lelewaning basa metafora inggih menika konkritisasi. Katiti saking tembung "dalane", ingkang gadhah teges margi utawi samukawis ingkang saged dipunliwati. Katresnan menika ugi kagambaraken gadhah margi utawi dalan ingkang wujudipun nyata. |
| 5 | ***Hiperbola*** | *Rasane atiku* ***remuk rakaruan.*** | Nyangetaken swasana utawi tuturan | -Jinising lelewaning basa Hiperbola. Katiti saking panganggening tetembungan "remuk rakaruan" ingkang gambaraken kawontenan ingkang sanget. -Fungsi lelewaning basa hiperbola inggih menika nyangetaken swasana utawi tuturan. Saking tetembunganipun gambaraken kawontenan ati ingkang remuk |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | | rakaruan. Tembung menika dados gegambaran swasana ingkang sanget lan boten wonten watesanipun. |
| 6 | ***Metonomia*** | *Jarene nek ra **Ninja** ra oleh dicinta.* | Ngringkes seratan saha tuturan | -Jinising lelewaning basa Metonomia. Katiti saking panganggening tembung "Ninja" minangka sesebutan *merk* satunggaling sepedha motor ingkang sampun biasa dipunginakaken ing padintenan. -Fungsi lelewaning basa metonimia inggih menika ngringkes seratan saha tuturan. Tembung "Ninja" menika minangka wakil saking sepedha motor ingkang *merk*-ipun Ninja. |
| 7 | ***Pleonasme*** | *Nggodha ati **rinten, siyang** dalu.* | Ngandharaken gegambaran. | -Jinising lelewaning basa Pleonasme. Katiti saking panganggening tembung "rinten" lan "siyang" ingkang sejatosipun tegesipun sami. Menawi dipunbucal salah setunggal boten ngowahi teges. -Fungsi lelewaning basa Pleonasme inggih menika ngandharaken gegambaran. |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Swasana ingkang katingal saking tetembunganipun inggih menika nembe mirunggan utawi *sante.* |
| 8 | ***Alegori*** | ***Tulus, suci*** *tresnaku mung ana nggo sliramu.* | Gegambaran raosing manah | -Jinising lelewaning basa Alegori.<br>Katiti saking panganggening tembung "tulus" lan "suci". Kakalih tembung menika gadhah gegayutan lan gadhah teges ingkang gegandhengan.<br>-Fungsi lelewaning basa Alegori menika minangka gagambaran raosing manah mliginipun raos katresnan. |
| 9 | ***Sinekdoke*** | ***Kamarku*** *iki sik isa dadi seksi* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa sinekdoke.<br>Katiti saking panganggening tembung "kamarku" menika minangka wakil saking sedaya samukawis ingkang wonten salebeting kamar.<br>-Fungsi lelewaning basa Sinekdoke menika ngandharaken gegambaran kawontenan ing satuggaling papan, inggih menika kamar. |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| 10 | ***Alusio*** | ***Dikeki ati rogoh rempela*** | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa Alusio. Katiti saking panganggening tetembungaipun minangka paribasan ingkang nandhingaken satunggaling samukawis. -Fungsi lelewaning basa Alusio menika ngandharaken gegambaran kawontenan ingkang ginakaken paribasan, saengga boten ngemot teges ingkang sejatosipun. |
| 11 | ***Asosisasi*** | ***Bocah cebol arep gayuh lintang.*** | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa Asosiasi. Katiti saking panganggening tetembungaipun ingkang nandhingaken satunggaling samukawis kaliyan samukawis sanes. -Fungsi lelewaning basa Asosiasi menika ngandharaken gegambaran satunggaling samukawis kanthi nandhingaken kaliyan samukawis sanes minangka gegambaran. |
| 12 | ***Eufimisme*** | *Nganti* ***rambutku putih****, tangis eluh dadi getih.* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa Eufimisme. Katiti saking panganggening tembung “rambutku putih” menika gadhah |

Tabel salajengipun

| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** |
|---|---|---|---|---|
| | | | | teges bilih yuswanipun tuwa. Kangge damel tuturan langkung alus pramila ginakaken tetembungan ingkang beda.<br>-Fungsi lelewaning basa Eufimisme menika ngandharaken gegambaran satunggaling kawontenan kanthi tetembungan sanes. Gambaraken yuswa ingkang sepuh utawi tuwa kanthi rikma ingkang werninipun pethak. |
| **13** | ***Epitet*** | *Dhuh **pepujaning ati**, apa kowe ora ngerti Kowe sing tak anti-anti.* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa Epitet.<br>Katiti saking panganggening tembung "*pepujaning ati*" menika gadhah teges minangka sesebutan tiyang ingkang dipuntresnani lan dados pepujaning ati<br>-Fungsi lelewaning basa Epitet menika ngandharaken gegambaran satunggaling tiyang ingkang dipuntresnani utawi tansah wonten manah kanthi sesebutan pepujaning ati. |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| 14 | ***Eponim*** | *Ngaku-ngaku* ***Arjuna*** *kamangka kowe kecu.* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa Eponim. Katiti saking panganggening tembung "Arjuna" menika minangka sesebutan satunggaling paraga ing cariyos pewayangan. -Fungsi lelewaning basa Epitet menika ngandharaken gegambaran satunggaling paraga utawi tokoh minangka gegambaran satunggaling tiyang ingkang gadhah sipat ingkang sami. |
| 15 | ***Hipalase*** | *Pancen aku raisa nyenengke kowe nganggo dhuwit. Aku wong cilik sik* ***uripe pait.*** | Ngendahaken swanten utawi tuturan. Wontenipun purwakanthi guru swara ing pungkasan ukara. | -Jinising lelewaning basa Hipalase. Katiti saking panganggening tembung "uripe pait" gadhah teges ingkang beda kaliyan sejatosipun. Awit "pait" menika samukawis ingkang saged dipunraosaken dening *indra pengecap*. Ananging katandhingaken kaliyan kawontenan urip utawi gesang ingkang sipatipun abstrak. -Fungsi lelewaning basa Hipalase inggih menika ngendahaken swanten utawi tuturan. |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|---|---|---|---|
| | | | | Katiti saking tembung “dhuwit” lan “pait” menika ginakaken purwakanthi guru swara kanthi vocal (i). |
| **16** | ***Pars Prototo*** | *Urip **sagendheng**, salemah karo awakmu.* | Ngandharaken gegambaran | -Jinising lelewaning basa Pars Prototo. Katiti saking panganggening tembung “sagendheng” minangka wakil saking satunggaling griya, ananging namung dipunsebataken sebagian kemawon. -Fungsi lelewaning basa Pars Prototo inggih menika ngandharaken gegambaran skaing satunggaling kawontenan. Urip sagendheng menika ngemu teges saged gesang sesarengan dados setunggal griya. |

## B. Pirembagan

Panaliten menika jumbuh kaliyan watesaning perkawis, inggih menika ngandharaken jinisipun lelewaning basa *perbandingan* saha fungsi lelewaning basa *perbandingan* saking cakepan lagon Hip Hop NDX. Asiling panaliten nedahaken bilih wonten salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX kathah ngecakaken lelewaning basa perbandingan saha fungsinipun. Jinis lelewaning basa perbandingan saha fungsinipun badhe kabeber wonten ing ngandhap menika.

**Jinising lelewaning basa perbandingan salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX saha fungsinipun.**

Panaliten menika winates wontening cakepan lagon Hip Hop NDX ingkang ginakaken basa Jawi. Lelewaning basa perbandingan ingkang kapanggihaken wonten panaliten menika wonten nembelas (16) inggih menika *personifikasi, depersonifikasi, simile, metafora, hiperbola, metonomia, pleonasme, alegori, sinekdok, alusio, aosiasi, eufimisme, epitet, hipalase, eponim,* lan *pars prototo.*

***1.*** **Personifikasi**

*Personifikasi* menika lelewaning basa *kiasan* ingkang gambaraken samukawis tartamtu minangka samukawis ingkang boten gadhah nyawa supados katingal gadhah sipat kadosdene manungsa (Keraf, 1981:125). *Personifikasi* menika awujud *penginsanan* tumrap samukawis ingkang boten gadhah nyawa. Dene lelewaning *personifikasi* saged dipuntingali kados wonten salebetipun

pethikan cakepan lagon ing ngandhap menika.

(1) *Sayang apa kowe krungu* ***jerite atiku****.(LBpd.07)*

Limrahipun ingkang saged jerit menika kados dene manungsa ingkang kagungan nyawa utawi gesang. Cakepan lagon Hip Hop NDX kanthi irah-irahan *Sayang* menika gambaraken cariyos katresnan antawisipun tiyang kakung lan estri ingkang sampun bubar. Ananging salah satunggaling pihak taksih gadhah pangarep-arep supados saged bangun katresnan malih. Tembung *sayang* menika dados julukan kagem pacanganipun. Tembung *ati* menika gadhah teges manah ingkang wonten salebeting raga manungsa, lajeng tembung *jerit* menika tegesipun nyuwara kanthi irama ingkang dhuwur. Pramila tuturan *jerite ati* menika gambaraken bilih ati utawi manah menika saged jerit kados dene manungsa gesang. Saking andharan menika, pramila pethikan cakepan lagon ing nginggil saged kalebet lelewaning basa personifikasi.

Fungsi saking lelewaning basa personifikasi ing nginggil inggih menika kagem gesangaken gegambaran. Saged katingal saking panganggening tetembunganipun, tetembungan "jerite ati" menika minangka gegambaranipun. Tembung ati sami tegesipun kaliyan manah, dene tembung jerit menika tegesipun nyuwara kanthi irama ingkang dhuwur. Pramila kagambaraken bilih ati menika saged jerit kados dene manungsa gesang, saengga fungsi saking lelewaning basa personifikasi ing nginggil inggih menika kangge gesangaken gegambaran.

Miturut Pradopo (2002:75) bilih jinis lelewaning basa personifikasi ancasipun kangge gesangaken samukawis. Saengga personifikasi menika paring

gegambaran tumrap samukawis supados langkung katingal gesang lan nyata. Saengga tuturan menika gadhah fungsi gesangaken gegambaran. Tegesipun gambaraken samubarang ingkang pejah dados ketingal gesang saha gadhah sipat kamanungsan. Pramila fungsi jinis lelewaning basa perbandingan mliginipun personifikasi menika kangge gesangaken gegambaran. Tuladha candhakipun ingkang kalebet lelewaning basa *Personifikasi* kaandharaken ing ngandhap menika.

(2) ***Nangis batin*** *nganti kaya ngene. (LBpd.11)*

Saking pethikan cakepan lagon menika minangka gegambaran gesangaken samukawis menapa dene paring gegambaran samubarang ingkang pejah supados katingal gesang. Tembung "nangis" menika sejatosipun namung saged katindakaken dening manungsa gesang menapa dene jinising sato tartamtu. Ananging wonten ing cakepan lagon menika gambaraken bilih batin menika saged nangis. Kamangka batin menika ateges samukawis utawi raos ingkang wonten manah, saengga tetembungan nangis batin menika kalebet *personifikasi*.

Fungsi saking tuturan wonten ing salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX inggih menika kangge gesangaken gegambaran. Saged katingal saking tetembungan ingkang kaginakaken. Tembung "nangis" menika kalebet sipatipun manungsa gesang inggih menika saged nangis. Saengga damel samukawis ingkang pejah utawi boten gadhah nyawa ananging dipundamel gesang. Menika minangka gegambaran nandhingaken samukawis ingkang pejah kaliyan manungsa ingkang gadhah nyawa. Tuladha candhakipun ing ngandhap menika.

(3) *Nganti atiku jerit* ***atimu ra bakal krungu****. (LBpd.07)*

Saking pethikan ing nginggil kalebet lelewaning basa personifikasi, awit katingal saking panganggening tetembunganipun ingkang nandhingaken bilih “ati” menika saged mirengaken tuturan utawi swanten. “atimu ra bakal krungu” saking tetembunganipun gambaraken bilih ati gadhah sipat kados manungsa inggih menika saged mirengaken swanten. Kamangka gegambaran menika gadhah teges ingkang beda, saged dipuntegesi bilih manahipun satunggaling tiyang boten saged ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken panyerat. Pramila teambung “krungu” menika boten ateges saged mirengaken, ananging saged ngaraosaken menapa ingkang dados penggalihipun panyerat.

Fungsi saking lelewaning basa personifikasi ing nginggil inggih menika gesangaken gegambaran. Gegambaran menika awit nandhingaken samukawis ingkang boten gadhah nyawa kaliyan manungsa gesang. Sipat saking “ati” minangka bagean saking raga manungsa menika kagambaraken gadhah sipat saged mirengaken swanten utawi tuturan. Kamangka sejatosipun ati menika boten saged mirengaken tuturan, ananging namung saged ngraosaken menapa ingkang kapanggalih. Pramila saking tuladha ing nginggil lelewaning basa personifikasi gadhah fungsi gesangaken gegambaran. Tuladha salajengipun wonten ing ngandhap menika.

(4) *Semilir angin segara* ***nggugah*** *atiku.* (LBpd.80)

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa perbandingan personifikasi. Katiti saking panganggeni tetembungan “nggugah” menika tegesipun damel wungu tiyang utawi samukawis ingkang gesang awit

nembe tilem utawi sare. Ananging wonten ukara ing nginggil gambaraken bilih ati menika saged dipungugah, tegesipun ati kagambaraken gadhah sipat kados dene manungsa gesang. Kamangka ati menika perangan ingkang wonten salebeting raganing manungsa. Ananging dipunbandhingaken saged nindakaken samukawis kados manungsa gesang. Lajeng tembung angin segara menika ugi kagambarakengadhah sipat kados manungsa gesang. Tetembungan angin segara menika gadhah teges angin ingkang wontenipun ing segara, ananging wonten cakepan lagon ing nginggil angin segara katandhingaken kaliyan sipat manungsa ingkang saged nggugah utawi damel wungu. Pramila tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa personifikasi.

Fungsi saking lelewaning basa personifikasi ing nginggil inggih menika gesangaken gegambaran. Pethikan lagon menika nedahaken gegambaran kawontenan ingkang sejatosipun katandhingaken kaliyan sipat kamanungsan. Angin segara menika kagambaraken saged nindakaken padamelan kados dene manungsa katiti saking panganggening tembung nggugah. Awit tetembungan menika namung saged dipuntindakaken dening manungsa gesang. Pramila fungsi saking lelewaning basa personifikasi ing nginggil inggih menika gesangaken gegambaran.

### *2.* Depersonifikasi

Depersonifikasi inggih menika kewalikan saking lelewaning basa personifikasi utawi penginsanan. Menawi personifikasi nginsanaken utawi damel gesang, ananging depersonifikasi menika wonten ing ukara pangandaian (Tarigan, 1985:21). Saengga depersonifikasi menika jinis lelewaning basa perbandingan

ingkang dados kosok balenipun personifikasi. Depersonifikasi menika damel samukawis ingkang gesang kagambaraken kados samubarang ingkang boten gadhah nyawa. Lelewaning *depersonifikasi* saged dipuntingali wonten pethikan cakepan lagon ing ngandhap menika.

*(5) Jarene* ***kanca kenthel,*** *bojoku tok sleding tekel (LBpd.18)*

Saking pethikan cakepan lagon *bojo ketikung* menika minangka gegambaran depersonifikasi, awit tembung *kanca* ingkang sejatosipun awujud manungsa dipungambaraken kados dene samubarang ingkang ngandhut toya saengga saged dipunsebat kenthel. Kamangka tembung kenthel menika gegayutan kaliyan sipat toya. Ananging wonten cakepan menika "kanca kenthel" sejatosipun gadhah teges kanca ingkang caket sanget. Sanes kanca ingkang wujudipun kados toya ingkang kenthel. Pramila saking gegambaran menika, pethikan cakepan lelagon ing nginggil kalebet lelewaning basa perbandingan *depersonifikasi*.

Fungsi saking lelewaning basa *depersonifikasi* ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran satunggaling samukawis. Tembung kanca kenthel menika kagambaraken kanthi tetembungan ingkang boten limrah, awit tembung kenthel menika nedahaken sipat saking toya. Teges ingkang sejatosipun kanca kenthel menika kanca ingkang caket, ananging kagambaraken kados dene toya ingkang kenthel. Pramila saking tuladha menika nedahaken lelewaning basa personifikasi ingkang gadhah fungsi ngandharaken gegambaran. Tuladha candhakipun saged kabeber ing ngandhap menika.

*(6)* ***Soroting mripatmu*** *wis ra nandhakake tresna. (LBpd.10)*

Saking tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa depersonifikasi. Katiti saking tetembungan ingkang kaginakaken, tembung “soroting mripatmu” menika gambaraken bilih mripat utawi paningal gadhah sorot utawi saged ngasilaken cahya kados dene geni, srengenge, menapa dene piranti sanesipun ingkang saged ngasilaken cahya. Kamangka mripat menika boten saged ngasilaken cahya. Tetembungan menika gadhah teges ingkang boten sejatosipun, “soroting mripatmu” menika saged dipuntegesi caranipun netra ningali samukawis. Saengga kagambaraken saged ngasilaken sorot ingkang saged kawaos maknanipun.

Fungsi saking lelewaning basa ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran menika nandhingaken mripat utawi paningal kaliyan samukawis ingkang saged ngasilaken sorot utawi cahya. Kamangka mripat boten gadhah sipat saged ngasilaken cahya, ananging mripat saged mratandhakaken satunggaling maksud saking dhirinipun satunggaling tiyang.

Miturut pamanggihipun Waluyo (1987:8) bilih lelewaning basa minangka sarana utawi piranti kangge gambaraken samukawis kanthi cetha. Saengga mupangat saking lelewaning basa wonten ing cakepan lelagon menika kangge ngandharaken gegambaran. Gegambaran ingkang dipunginakakaken kangge nandhingaken manungsa gesang kaliyan sipat samubarang ingkang pejah inggih menika kanca (samukawis ingkang gesang) kaliyan kenthel (sipat samubarang ingkang carup kaliyan toya). Saengga mupangat depesonifikasi saking cakepan lelagon menika kangge ngandharaken gegambaran. Supados langkung gamblang, ing ngandhap menika wonten tuladha sanesipun.

*(7) Tresna iki **tak pendhem sajeroning ati** (LBpd.24)*

Pethikan cakepan lagon menika minangka wujud lelewaning basa perbandingan depersonifikasi, ingkang ateges nandhingaken samukawis ingkang dados perangan utawi raga manungsa inggih menika tembung ati kaliyan tembung tresna, lajeng tresna menika kagambaraken saged dipunpendhem wonten salebeting ati utawi manah. Menika gambaraken bilih ati menika kados dene samukawis ingkang limrahipun kangge mendhem samubarang, kamanga ingkang limrah kangge mendhem menika siti utawi lemah. Lajeng ingkang limrah kapendhem inggih menika samubarang ingkang awujud nyata wondene tresna menika sanes wewujudan ingkang nyata ananging abstrak saha namung saged dipunraosaken.

Fungsi saking lelewaning basa depersonifikasi wonten ing pethikan cakepan lagon menika kangge ngandharaken gegambaran. Tegesipun ngandharaken gegambaran saking samukawis ingkang dados peranganing manungsa gesang katandhingaken kaliyan samukawis ingkang boten gadhah nyawa. Saengga menika kalebet fungsi ngandharaken gegambaran. Tuladha candhakipun kabeber wonten ing ngandhap menika.

*(8) Pancene kowe tega **medhot tali asmara**. (LBpd.14)*

Saking tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa depersonifikasi. Katiti saking tetembunganipun inggih menika *"medhot tali asmara"*. Tembung menika mratandhakaken lelewaning basa depersonifikasi awit gambaraken samukawis ingkang abstrak kados dene samubarang ingkang boten gadhah nyawa. Tembung

“asmara” ingkang tegesipun katresnan, lan wujudipun abstrak menika kagambaraken gadhah tali ingkang saged dipunpedhot. Pramila menika nedahaen samukawis kados dene samubarang ingkang pejah. Kamangka tali menika satunggaling piranti ingkang awujud nyata, dene asmara menika wujudipun abstrak. Saengga tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa depersonifikasi.

Fungsi lelewaning basa personifikasi ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Kangge gambaraken satunggaling samukawis supados saged cetha lan katingal nyata pramila kagambaraken kanthi tetembungan ing nginggil. Tembung “medhot tali asamara” menika gadhah fungsi gambaraken satunggaling samukawis. Asmara ingkang tegesipun katresnan menika kagambaraken gadhah tali ingkang ginanipun kangge ngiket. Ananging kawontenan ing pethikan lagon menika, katresnanipun dipunpedhot tegesipun sampun dipunpupus saengga sampun boten dipunterasaken. Saking andharan menika saged nedahaken fungsi lelewaning basa depersonifikasi ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Tuladha sanesipun wonten ing ngandhap menika.

*(9) Kobong ati iki. (LBpd.11)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken lelewaning basa depersonifikasi. Katiti saking panganggening tetembungan ingkang damel samukawis kados dene sipat samubarang ingkang boten gadhah nyawa. Tembung “kobong” menika ngemu teges samukawis ingkang saged lebur kenging geni pramila dipunsebat kobong. Lajeng tembung “ati” menika gadhah teges manah, ingkang manggen wonten sajroning raga manungsa gesang. Ati menika

kagambaraken saged kobong kados dene samukawis ingkang nyata saged kobong. Ananging wonten ing tetembungan menika gadhah teges ingkang beda kaliyan tuturanipun. Kobong ati menika saged dipuntegesi bilih manahipun nembe nandang samukawis ingkang boten ngremenaken, saged kagambaraen bilih manahipun ngraosaken panas kados dene kenging geni, lajeng kobong saking laraning manah ngraosaken kawontenan menika.

Fungsi saking lelewaning basa depersonifikasi wonten pethikan lelagon ing nginggil inggih menika nyangetaken kawontenan. Kawontenan ingkang kagambaraken bilih ati utawi manahipun panyerat menika kobong. Kobong miturut Bausastra menika tegesipun ketaman uruping geni, lajeng saged dipuntegesi muring banget dening diwadul, saha atine manas banget. Pramila saking tetembungan ingkang kaginakaken menika paring gegambaran nyangetaken kawontenan. Saking ngraosaken panase ati kagambarakenatinipun kobong, saengga tuturan menika nyangetaken kawontenan. Tuladha candhakipun kabeber wonten ngandhap menika.

*(10)* *Tak tandur jroning ati.(LBpd.15)*

Pethikan cakepan lelagon ing nginggil kalebet lelewaning basa depersonifikasi. Katiti saking panganggening tetembunganipun. Tembung "tandur" menika limrahipun kangge wit-witan ingkang dipuntandur wonten tegalan utawi gayutipun kaliyan siti. Ananging wonten ukara ing nginggil tandur menika katindakaken wonten ati utawi manah. Pramila tembung ati menika katandhingaken kaliyan samukawis ingkang limrahipun minangka papan kangge

nandur tanduran. Saengga ati kagambaraken samukawis ingkang boten gadhah nyawa lan boten dados bagean saking raganing manungsa gesang.

Fungsi saking lelewaning basa depersonifikasi ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gambaraken bilih ati menika kados dene samukawis ingkang limrahipun kangge tandur, utawi media ingkang kaginakaken kangge nandur. Kamangka ati menika perangan saking raganing manungsa ingkang tamtunipun boten saged kangge nandur samukawis ingkang nyata kadosta wit-witan. Kangge damel gegambaran supados langkung cetha, pramila kagambaraken kanthi tetembungan ingkang sanes. Saengga lelewaning basa depersonifikasi ing nginggil gadhah fungsi ngandharaken gegambaran.

### *3.* Simile

Simile utawi perumpamaan inggih menika lelewaning basa *perbandingan* mawi tandha *konstruksional* kanthi cara *eksplisit*, inggih menika nandhingaken kalih samukawis ingkang hakikatipun beda dipunanggep sami. Anggenipun nandhingaken kanthi cara langsung, titikanipun ngginakaken tembung pindha, kadya, lir, yayah, kaya lsp (Moeliono, 1989:175). Pramila lelewaning basa perbandingan simile menika saged katitik kanthi gatosaken tetembungan ingkang dados panandhing kados dene wonten ing pethikan cakepan lagon menika.

*(11) Tumetesing iluhku nganti **kaya** tirta segara (LBpd.53)*

Saking pethikan lagon menika minangka gegambaran nandhingaken samukawis kanthi ginakaken tembung panggandheng "*kaya*". Tembung panggandheng menika kangge nandhingaken antawisipun banyu luh kaliyan

banyu segara. Mitutut *Bausastra* tirta menika tegesipun banyu, dene luh tegesipun banyu sing metu saka ing mata (nalika nangis). Saengga luh menika awujud toya ingkang medal saking paningal rikala nangis, dene tirta segara menika ateges toya ingkang wonten ing segara utawi banyu segara. Pramila saking andharan ing nginggil saged katingal nandhingaken kalih samukawis ingkang wujudipun sami inggih menika toya, ananging cacahipun ingkang beda sanget. Saengga lelewaning basa simile menika saged katiti saking panganggening tembung panggandheng *"kaya"*minangka pambandhing saking kalih samukawis.

Fungsi lelewaning basa *simile* ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Saking tetembungan ingkang kaginakaken katingal nandhingaken kalih samukawis ingkang gadhah sipat sami, ananging cacahipun beda sanget. Banyu luh menika limrahipun cacahipun boten ngantos kados tirta segara. Ananging wonten ukara ing nginggil, banyu luh menika katandhingaken kaliyan banyu segara ingkang cacahipun boten winates awit saking kathahipun. Pramila saking andharan menika nedahaken bilih lelewaning basa *simile* ing nginggil gadhah fungsi nyangetaken tuturan. Kangge ngandharaken banyu luh ingkang medal saking paningal menika kathah sanget, pramila kagambarekn kados dene banyu segara ingkang cacahipun boten winates. Supados langkung cetha lelewaning basa *simile* saged kabeber wonten tuladha ing ngandhap menika.

*(12) Ra bakal tak baleni tresnamu* ***kaya*** *geni. (LBpd.16)*

Pethikan cakepan lagon menika nedahaken lelewaning basa simile. Katiti saking panganggening tembung panggandheng "kaya" minangka panandha pethikan menika kalebet lelewaning basa simile. Tembung panggandheng menika

nandhingaken kalih samukawis inggih menika tresna kaliyan geni. Miturut *Bausastra* tresna menika asih utawi mulunging ati marang liyan, dene geni tegesipun sing murup nganakake panas sarta sorot. Pramila saking tegesing tetembungan menika mratandhahaken bilih kalih smaukawis menika gadhah wujud ingkang beda, ananging kagambaraken kados dene samukawis ingkang sami. Tresna ingkang kagambaraken ing nginggil katandhingaken kados geni, kamangka geni menika sipatipun panas lan saged ngobong samubarang. Tresna menika wujudipun abstrak ingkang manggen wonten ing manah utawi saged dipunraosaken dening manah. Saengga saged kagambaraken bilih tresna ingkang menika tresna ingkang sipatipun panas utawi saged ngobgong pramila saged karaosaken ing mana. Panas menika gegambaran kawontenan ingkang damel boten ngremenaken penggalih. Pramila saking andharan menika saged kadudut bilih raos tresna ingkang karaosaken sipatipun kados geni ingkang damel kapok dening panyerat. Awit saking tetembungan "ra bakal tak baleni" menika nedahaken gegambaran tiyang ingkang sampun kapok nindakaken samukawis, saengga boten badhe baleni nindakaken samukawis kasebat.

Fungsi saking lelewaning basa simile ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran ingkang nandhingaken antawisipun raos tresna kaliyan sipat saking gene. Kanthi tembung panggandheng "kaya" saged katingal nandhingaken samukawis ingkang sejatosipun gadhah wujud ingkang beda. Kangge gambaraken kawontenan raos tresna ingkang dipunraosaken, pramila katandhingaken kaliyan geni. Pramila saged kagambaraken bilih raos tresna menika gadhah sipat ingkang sami kaliyan geni, supados langkung

gamblang gegambaranipun saengga kagambaraken kados geni. Tuladha candhakipun kabeber wonten ing ngandhap menika.

*(13) Atiku jembar* ***kaya*** *segara (LBpd.28)*

Saking pethikan cakepan lagon menika saged katingal kalebet lelewaning basa *simile* (perumpamaan) awit saking wontenipun tembung panandha inggih menika panggandheng *"kaya"*. Tembung *"kaya"* menika minangka tembung panandhing antawisipun ati kaliyan segara. *Atiku jembar* menika gambaraken bilih ati manungsa menika wiyar utawi jembar, lajeng katandhingaken kaliyan segara ingkang tamtunipun jembare segara menika boten winates, saking wiyaripun. Pramila gegambaran ati kang jembar kaya segara menika gadhah teges ingkang boten sejatosipun, awit ati kang jembar kados segara menika minangka pralambang kasabaran wonten ing manah.

Fungsi lelewaning basa simile saking cakepan lagon menika ngandharaken gegambaran, awit saged katingal saking tetembunganipun. Tetembungan ing salebeting lagon menika nandhingaken jembare ati kaliyan segara ingkang sami-sami wiyar saha boten winates. Saengga lelewaning basa menika gadhah fungsi ngandharaken gegambaran satunggaling samukawis supados langkung cetha. Lelewaning basa simile ugi kaginakaken wonten ing pethikan cakepan lagon igng ngandhap menika.

*(14) Atimu kok* ***kaya*** *watu sik ra bakal isa lebur. (LBpd.18)*

Saking tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa simile. Katiti saking wonteninpun tembung panandha inggih menika panggandeng "kaya". Tembung kaya menika nandhingaken kalih samukawis inggih menika ati kaliyan watu.

Miturut *Bausastra* ati menika perangan ing jero raganing manungsa utawi telenging rasa kabatinaning manungsa, lajeng watu gadhah teges barang atos kedadean saka panjendheling wlahar. Saking tegesing tetembungan menika, saged katingal bilih kalih perkawis menika wujudipun beda. Ananging wonten pethikan cakepan lagon ing nginggil kagambaraken bilih ati menika kados watu, pramila saged kadudut bilih ingkang sami menika sanes wujudipun ananging sipatipun. Watu menika sipatipun atos, saengga boten saged lebur. Dene ati ingkang kagambaraken menika ugi gadhah sipat ingkang sami kaliyan watu, inggih menika atos saengga boten gampil kadamel lebur.

Fungsi lelewaning basa *simile* wonten pethikan cakepan lagon ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Saking tetembunganipun katingal nedahaken gegambaran kalih samukawis kanthi tembung panandhing “kaya”. Tembung “kaya” menika nedahaken sipat ingkang sami antawisipun kalih perkawis. Ati kagambaraken kados watu, kamangka watu menika gadhah sipat ingkang atos lan tamtu awrat kadamel lebur. Saking andharan menika saged katingal lelewaning basa simile menika ngandharaken gegambaran kawontenan satunggaling perkawis ingkang gadhah sipat sami. Supados langkung cetha lan gamblang pramila kagambaraken kaliyan perkawis ingkang beda. Tuladha candhakipun wonten ngandhap menika.

*(15) Aku mung* ***kaya*** *terminal Giwangan, sing mbok nggo sambat mbok nggo istirahat (LBpd.19)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil ngewrat lelewaning basa simile. Panganggening tembung panandha inggih menika tembung panggandheng “kaya”

saged dados pratandha bilih pethikan cakepan lagon menika ngewrat lelewaning basa simile. Tembung "aku" katandhingaken kaliyan "terminal Giwangan". Aku menika dhiri piyambakipun panyerat, dene terminal giwangan menika satunggaling papan mandheke bis wonten ing tlatah Ngayogyakarta ingkang namanipun "Giwangan". Saengga wonten tuladha ing nginggil nandhingan kalih samukawis ingkang wujudipun beda inggih menika manungsa kaliyan satunggaling papan. Ingkang dados ancasipun nandhingaken piyambakipun kaliyan "terminal Giwangan" inggih menika badhe nedahaken bilih piyambakipun gadhah sipat ingkang sami kaliyan terminal kasebat. Tetembungan "sing mbok nggo sambat, mbok nggo istirahat" menika minangka pratandha bilih ginanipun terminal Giwangan menika papan kangge ngaso tiyang ingkang nitih bis. Lajeng kaanggep sami kaliyan dhiri piyambakipun ingkang namung dados papan sambat lan papan kangge ngaso kanthi wektu ingkang boten dangu tamtunipun. Pramila saking andharan menika pethikan cakepan lagon ing nginggil ngemot lelewaning basa simile.

Fungsi lelewaning basa simile saking pethikan cakepan lagon ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran ingkang kaandharaken inggih menika gegambaran dhiri piyambakipun panyerat katandhingaken kaliyan satunggaling nama papan inggih menika terminal Giwangan. Kanthi gambaraken piyambakipun kaliyan terminal Giwangan saged damel gegambaran ingkang langkung cetha tumrap pamaos menapa dene pamiyarsa ingkang mirengaken lelagon kasebat. Panyerat gambaraken bilih piyambakipun namung kados terminal Giwangan, ingkang gadhah fungsi kangge papan sambat lan ngaso. Saengga

saking andharan menika ngandharaken kalih samukawis ingkang wujudipun beda ananging sipatipun kaanggep sami. Pramila saking menika tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa kanthi fungsi ngandharaken gegambaran.

### *4.* Metafora

Metafora inggih menika lelewaning basa *perbandingan* kanthi cara *implisit,* tembung ingkang dipunginakaken boten mengku teges ingkang sejatosipun. Lelewaning basa *metafora* tanpa ngginakaken tembung panandhing ing antawisipun samukawis ingkang beda (Moeliono lumantar Tarigan, 1985). Pramila metafora menika boten ginakaken tembung panandhing kados dene lelewaning basa simile. Lelewaning *Metafora* saged dipuntingali kados wonten salebetipun pethikan cakepan lagon ing ngandhap menika.

(16) *Yen pancen **dalane** kudu kuat ati. (LBpd.62)*

Pethikan lagon menika kalebet lelewaning basa metafora. Katiti saking panganggening tembung dalan. Menika nandhingaken antawisipun margi ingkang sejatosipun kaliyan margi ingkang sipatipun abstrak. Gegambaran menika boten ngangge tembung panggandheng pramila langsung kemawon nyebataken objek ingkang dados panandhing gegambaran kala wau. Fungsi saking lelewaning basa metafora menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran menawi sampun dalane utawi pungkasaning crita kedah kuat ati utawi sabar. Lelewaning basa metafora saged katingal ugi wonten ing ngandhap menika.

(17) *Nanging tresna iki ora bakal **luntur**. (LBpd.64)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken lelewaning basa metafora. Katiti saking panganggening basa ingkang gambaraken satunggaling perkawis boten ginakaken tembung panggandheng ananging langsung dhateng objekipun. Tembung tresna ing nginggil tegesipun rasa asih ingkang wonten ing manah, ananging kagambaraken boten saged luntur. Tembung luntur menika limrahipun kangge satunggaling samukawis ingkang gadhah werni. Pramila kanthi langsung kagambaraken bilih tresnanipun menika boten saged luntur, tegesipun rasa katresnanipun boten bakal ical menapa dene suda.

Fungsi saking lelewaning basa metafora wonten ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Katiti saking panganggening tetmbungan ingkang langsung dhateng objek ingkang kagambaraken. Gegambaran bilih katresnan ingkang boten bakal suda menapa dene ical. Pramila tresnanipun sipatipun abadi. Saengga menika kalebet fungsi ngandharaken gegambaran. Tuladha sanesipun saged kababar wonten ing ngandhap menika.

*(18) Apa iki wis* ***dalane*** *kudu pisah kelangan tresnane (LBpd.20)*

Pethikan cakepan lagon menika kalebet lelewaning basa perbandingan metafora. Menika kanthi pratandha nandhingaken samukawis tanpa tembung panggandheng, anangis langsung katandhingaken kaliyan objekipun inggih menika dalan. Dalan menika sejatosipun margi ingkang asring kangge liwat, ananging wonten ing pethikan menika katresnan ugi gadhah dalan. Tegesipun katresnan menika gadhah pungkasaning cariyos ingkang dipunanggep dalan akhiripun.

Fungsi saking lelewaning basa *metafora* ing pethikan cakepan kala wau inggih menika konkritisasi. Awit ngandharaken samukawis ingkang abstrak utawi kasat mata dados katingal nyata. Katresnan menika boten saged kagambaraken ing kasunyatan ananging menika kagambaraken bilih katresnan gadhah dalan utawi margi, saengga menika katingal nyata. Miturut Bausastra “*dalan*” tegesipun papan sing dipijekake dinggo liwat (diambah). Saengga tamtu kemawon dalan menika wujudipun nyata lan saged katingal. Dene tresna menika raos kabatinaning manungsa saengga tamtu wujudipun abstrak. Saking tegesing tetembungan menika saged katingal bilih lelewaning basa metafora menika paring gegambaran kanthi nandhingaken kalih samukawis ingkang wujudipun beda ananging sipatipun kaanggep sami dan saged damel gegambaran langkung cetha. Tuladha candhakipun wonten ing ngandhap menika.

(19) *Saiki mending awake dhewe* ***bubar****. (LBpd.83)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken lelewaning basa metafora. Katiti saking panganggening tetembungan ingkang nandhingaken langsung dhateng objekipun. Tembung bubar menika minangka panandhanipun. Piyambakipun kagambaraken bubar sesrawunganipun, ateges sampun boten gadhah hubungan menapa-menapa. Bubar tegesipun sampun boten makempal utawi sampun paripurna. Gegambaran emnika langsung katujokakaken dhateng objekipun tanpa tembung panggandheng. Pramila pethikan menika kalebet lelewaning basa metafora.

Fungsi saking lelewaning basa metafora ing nginggil inggih menika ngandharaekn gegambaran. Kawontenan ingkang kagambaraken inggih menika

hubungan kalih tiyang ingkang kaanggep sampun rampit. Pramila kagambaraken sesrawunganipun sampun bubar utawi sampun boten wonten hubungan menapa-menapa. Saengga fungsi saking metafora menika ngandharaken gegambaran.

### *5.* Hiperbola

Hiperbola inggih menika lelewaning basa ngemot pamanggih ingkang nyangetaken, kanthi ngageng-ngagengaken samukawis tartamtu (Keraf, 2004:135). Pramila lelewaning basa hiperbola menika paring gambaran samukawis ingkang sejatosipun limrah ananging dipunageng-agengaken supados katingal kados perkawis ingkang sanget. Pethikan cakepan lagon ing ngandhap menika gegambaran lelewaning basa hiperbola.

*(20) Rasane atiku* ***remuk rakaruan*** *(LBpd.32)*

Saking pethikan cakepan lagon menika kalebet lelewaning basa hiperbola awit saking tetembunganipun nyagetaken kawontenan. Pethikan lagon menika gambaraken kawontenan ati utawi manah ingkang remuk rakaruan. Miturut Busastra tembung remuk menika ngemu teges ajur sewalang-walang utawi rusak babar pisan. Pramila tegesipun remuk menika gegambaran kawontenan ingkang sampun boten wetah utawi kawontenan ingkang sampun risak. Saking panandha tetembungan ingkang kaginakaken menika nedahaken bilih ngageng-agengaken samukawis ingkang sejatosipun boten ngantos mekaten.

Fungsi lelewaning basa hiperbola ing pethikan cakepan lagon ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Gegambaran ati utawi manah menika kados dene samukawis ingkang nyata lan saged remuk wujudipun. Kamangka ati menika

satunggaling perangan ingkang wonten lebeting raga manungsa. Remuk ingkang kagambaraekn menika boten ateges wujudiun ingkang remuk, ananging remuk ingkang ateges karaos risak lan ajur. Saengga saking kawontenan ingkang kagambaraken menika minangka panandha bilih ngemot lelewaning basa hiperbola ingkang gadhah fungsi nyangetaken tuturan.Tuladha candhakipun kabeber wonten ing ngandhap menika.

*(21) Ra ngira tresna suci iki dadi* ***sewu lara*** *(LBpd.28)*

Pethikan ing nginggil kalebet lelewaningbasa hiperbola. Gegambaran rasa katresnan ingkang malih dados sewu lara. Menika paring gambaran bilih sewu lara menika boten ateges gerah utawi wonten sesakitipun, ananging gegambaran raos sakit menika wonten sajroning manah. Perkawis menika dipunageng-agengaken kanthi tetembungan sewu lara. Saged dados gegambaran menawi sewu lara menika tamtu kemawon boten winates sakit ingkang karaosaken. Pramila menika dados gegambaran kawontenan ingkang dipunsangetaken utawi dipunangeng-agengaken. Saengga pethikan cakepan lagon menika kalebet lelewaningbasa hiperbola.

Fungsi saking lelewaning basa hiperbola wonten salebeting cakepan lagon ing nginggil inggih menika nyangetaken swasana utawi tuturan. Dados swasana perkawisipun dipundamel sansaya ageng. Kagambaraken tresna suci ingkang dipunraoskaen dening panyerat malih dados sewu lara. Tembung “sewu lara” menika minangka panandha nyangetaken samukawis. Sejatosipun sakit ing manah ingkang karaosaken menika boten ngantos kados sewu cacahing lelara, ananging awit paganggening lelewaning basa hiperbola pramila ginakaken tetembungan

menika supados saged gambaraken kawontenan ingkang sanget. Saengga fungsi saking lelewaning basa hiperbola wonten pethikan cakepan lagon ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Lelewaning basa hiperbola ugi saged katingal wonten tuladha ing ngandhap menika.

*(22) Nelangsa ku nelangsa, ati* ***saya keranta-ranta****. (LBpd.24)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil ngamot lelewaning basa hiperbola.Saking panganggening tetembuganipun saged katingal ginakaken lelewaning basa hiperbola. Tembung nelangsa menika nedahaken kawontenan ingkang susah, dene keranta menika miturut Bausastra tegesipun kadunungan rasa sedhih. Pramila saking tegesing tetembungan menika sami-sami nedahaken raos sedhih utawi susahing manah. Menika gambaraken bilih kawontenan gesangipun panyerat nembe nelangsa lan manahipun nembe nandang duka utawa sedhih. Kanthi panganggening tetembungan ingkang dipunambali, sansaya damel tuturan menika gadhah teges ingkang nyangetaken.

Fungsi saking lelewaning basa hiperbola wonten pethikan lelagon ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Awit saking tetambunganipun katingal ngageng-agengaken samukawis ingkang sejatosipun boten ngantos mekaten. Sinaosa mekaten lelewaning basa hiperbola saking pethikan ing nginggil ugi gadhah fungsi minangka gegambaran raosing manah. Awit saking tegesipun tetembungan ingkang kaginakaken menika nedahaken kawontenan raosing manah ingkang nembe sedhih utawa duka. Saking panganggening tetembungan “ati saya keranta-ranta” menika dados panandha bilih nedahaken kawontenan manahipun ingkang boten sekeca amarga nemba nandang raos sedhih. Saking andharan

menika pramila pethikan cakepan lagon ing nginggil gadhah fungsi sanesipun nyangetaken tuturan ugi minangka gegambaran raosing manah. Lelewaning basa hiperbola saged kabeber woten tuladha candhakipun ing ngandhap menika.

(23) *Dhek rasakna lara atiku kepati-pati. (LBpd.26)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa hiperbola. Saking panganggening tetembungan ingkang dadosaken samukawis katingal sanget. Tetembungan lara ati menika gadhah teges laraning raos ing batin, boten ateges sesakit *fisik* ingkang manggon ing ati. Lajeng kepati-pati menika miturut Bausastra ngemu teges “banget”. Saengga lara jroning ati menika kagambaraken lara sanget. Saking tegesing tetembungan menika saged nedahaken bilih pethikan cakepan lagon ing nginggil ngemot lelewaning basa hiperbola.

Fungsi lelewaning basa hiperbola wonten pethikan cakepan lagon ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Sakin tetembungan ingkang kaginakaken menika minangka panandha nyangetaken tuturan. Raosing manah ingkang sakitipun kepati-pati, menika gegambaran nyangetaken kawontenan. Kangge damel gegambaran saking sakite manahipun menika, pramila ginakaken tetembungan *kepati-pati* supados saged ngageng-agengaken samukawis supados katingal sanget. Saking andharan menika saged katingal bilih pethikan cakepan lagon ing nginggil gadhah fungsi nyangetaken tuturan. Supados langkung cetha, lelewaning basa hiperbola kababar wonten tuladha candhakipun ing ngandhap menika.

(24) ***Nangis getih** eluhku, **remuk ajur** rasaku.(LBpd.71)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken lelewaning basa hiperbola. Katiti saking panganggening tetembungan ingkang nyangetaken kawontenan. Tembung nangis getih eluhku menika dados panandhanipun. Limrahipun menawi nangis menika ingkang medal eluh awujud toya ananging wonten cakepan lagon ing nginggil eluhipun awujud rah utawi ludira. Pramila menika mratandhakaken bilih nyangetaken kawontenan. Lajeng tetembungan remuk ajur rasaku menika ugi dados panandha lelewaning basa hiperbola. Rasa ingkang sipunraosaken manah menika kagambaraken remuk lan ajur.

Fungsi saking lelewaning basa hiperbola wonten ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Gegambaran ingkang dipunginakaken menika dipunsangetaken, pramila dadosaken kawontenan langkung damel gumun. Tuladha sanesipun kababar wonten pethikan lagon ing ngandhap menika.

*(25) Pikirane* ***semrawut dadi saya ra genah****. (LBpd.25)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken bilih ngemot lelewaning basa hiperbola. Katiti saking panganggening tetembungan ingkang damel nyangetaken kawontenan. Tembung pikirane menika sami kaliyan tembung panggalihipun, dene tembung semrawut menika minangka gegambaran kawontenan ingkang wonten katata kanthi rapi. Saengga saking panegesing tembung ing nginggil saged kadudut bilih tetembungan “pikirane semrawut” menika gadhah teges penggalih ingkang nembe boten tinata rapi saengga kagambaraken sansaya boten genah. Menika mratandhakaken nyangetaken kawontenan saengga kalebet lelewaning basa hiperbola.

Fungsi lelewaning basa hiperbola wonten pethikan cakepan lelagon ing nginggil inggih menika nyangetaken tuturan. Saking panganggening tetembungan ingkang damel perkawis sansaya ageng, katiti saking tetembungn “pikirane semrawut”. Menika paring gegambaran kawontenan penggalih ingkang boten limrah, saengga boten tinata rapi. Tetembungan “dadi saya ora genah” menika damel kawontenan sansaya sanget. Kawontenan penggalihipun kagambaraken semrawut boten tinata, lajeng dados sansaya boten genah. Saking andharan menika nedahaken lelewaning basa hiperbola ing nginggil gadhah fungsi nyangetaken tuturan.

### *6.* Metonomia

Altenberd (lumantar Pradopo,2005:77) ngandharaken menawi metonomia inggih menika panganggening basa dados jinis atribut jinis objek utawi panganggening samukawis ingkang sanget caket gegayutan kangge gantos objek kasebut. Pramila lelewaning basa metonomia menika migunakaken tetembungan tertamtu ingkang dados titikan, menapa dene kanthi nyebataken satunggaling merk samukawis. Ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa metonomia ing salebetening cakepan lagon Hip Hop NDX.

*(26) Jare nek ra* ***Ninja*** *ra oleh dicinta. (LBpd.30)*

Saking pethikan lagon ing nginggil saged katingal tetembungan ingkang kalebet lelewaning basa metonomia. Tembung “Ninja” menika ginanipun kangge gantos objek inggih menika objek sepedha motor, sepedha motor menika ingkang jinisipun utawi merk-ipun Ninja. Awit sampun biasa utawi sampun dipunmangertosi masarakat ing padinan, pramila panganggening tembung ninja

menika sampun dipunmangertosi bilih satunggaling merk sepedha motor. Sengga pethikan ing nginggil kalebet lelewaning basa metonomia, amarga ginakaken sesebutan merk kangge minangka wakil saking satunggaling objek tartamtu.

Pethikan cakepan lagon ing nginggil inggih menika lelewaning basa ingkang gadhah fungsi ngringkes tuturan saha seratan. Tembung "Ninja" menika sejatosipun nedahaken satunggaling merk sepedha motor, ananging tembung "sepedha motor" menika boten dipunserat utawi boten dipunsebataken. Awit wonten ing masarakat sampun kawentar ginakaken tembung "Ninja", masarakat sampun pirsa menawi Ninja menika sepedha motor, pramila boten prelu dipunsebataken tembung sepedha motoripun. Saking andharan menika nedahaken bilih fungsi saking lelewaning basa ing nginggil inggih menika ngringkes tuturan utawi seratan. Tuladha candhakipun wonten pethikan lagon ing ngandhap menika.

*(27)* *Jaremu nek ra **FU** kowe ora i love you (LBpd.031)*

Saking pethikan lagon menika kalebet jinis lelewaning basa metonimia amargi tembung "FU" menika dipunginakaken kangge gantos objek inggih menika objek sepedha motor ingkang jinisipun utawi merk-ipun *FU*. Lelewaning basa metonomia menika katiti panganggening tembung ingkang dados wakil satunggaling objek ingkang katujokaken. Kanthi nyebataken merk satunggaling sepedha motor, saged dados panandha bilih pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa metonomia.

Fungsi saking lelewaning basa wonten salebeting lagon menika kangge ngringkes tuturan saha seratan. Katiti saking panganggening tembung "FU"

ingkang gadhah ancas ngandharaken sepedha motor merk-ipun *FU*. Ananging wonten pethikan ing nginggil tembung sepedha motor boten kaserat awit kangge ngringkes tuturan utawi seratanipun. Sampun kawentar bilih *FU* menika satunggaling merk sepedha motor ingkang sampun dipunmangertosi masarakat, pramila boten kedah dipunsebataken tembung sepedha motoripun. Saking andharan menika nedahaken bilih lelewaning basa ing nginggil gadhah fungsi ngringkes tuturan saha seratan.

**7. Pleonasme**

Inggih menika lelewaning basa ingkang ginakaken tembung-tembung mubadir, sejatosipun tembung menika boten prelu saengga menawi salah satunggaling tembung dipunbucal tegesipun tetep wetah (Keraf, 2004:133). Pramila pleonasme menika saged dipuntingali saking tetembunganipun ingkang gadhah teges sami lan saenipun salah setunggal kemawon ingkang kaginakaken. Lelewaning basa pleonasme saged dipunpirsani wonten salebeting pethikan cakepan lagon NDX ing ngandhap menika.

*(28) Nggodha ati* ***rinten siyang*** *dalu (LPbd.42)*

Saking pethikan lagon ing nginggil ugi nedahaken lelewaning basa pleonasme. Awit saking wontenipun tembung ingkang mubadir. Tembung rinten menika tegesipun sami kaliyan siyang, pramila kakalih tembung menika menawi dipunbucal salah setunggal boten ngewahi tegesipun ing ukara.

Fungsi saking lelewaning basa pleonasme ing nginggil inggih menika ugi ngandharaken gegambaran. Gegambaran ingkang katingal inggih menika

nedahaken swasana rina kanthi ginakaken tembung ingkang sami inggih menika rinten kaliyan siyang. Kamangka kakalihipun gadhah teges ingkang sami. Pramila saged katingal fungsi saking lelewaning basa pleonasme menika kangge ngandharaken gegambaran. Tuladha sanesipun wonten ing ngandhap menika.

*(29)* ***Lungguh ndhodhok*** *neng ngarepan godhog kopi. (LBpd.32)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil saged katingal bilih ngemot lelewaning basa pleonasme. Katiti saking tembung ingkang mubadir. Tembung lungguh menika sami tegesipun kaliyan ndhondhok, saengga sejatosipun ingkang dipunginakaken cekap setunggal kemawon. Saengga menawi satunggaling tembung dipunbucal tegesipun tetep wetah lan boten owah.

Fungsi saking lelewaning basa pleonasme saking pethikan lagon kasebat inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran menika ngemot tembung ingkang tegesipun sami, saengga damel gegambaran menika langkung gamblang utawi cetha. Tuladha candhakipun wonten pethikan caepan lagon ing ngandhap menika.

(30) *Mbok* ***mesakna*** *aku, mbok* ***welasna*** *aku. (LBpd.86)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken lelewaning basa pleonasme. Katiti saking panganggening tetembungan ingkang gadhah teges meh sami inggih menika tembung mesakna saha welasna. Kakalih tembung menika kanthi semantis gadhah teges ingkang sami utawis saking setunggal jinis. Menawi dipunbucal salah setunggal boten dados menapa. Awit boten ngowahi ancasing

ukara saha teges saking uakaranipun. Pramila pethikan lelagon menika kalebet lelewaning basa pleonasme.

Fungsi saking pleonasme menika kangge ngandharaken gegambaran. Supados gegambaran menika langkung cetha pramila ginakaken tembung-tembung ingkang tegesipun meh sami. Menika kanthi ancas supados saged langkung gamblang anggenipun paring gegambaran. Pramila pethikan menika gadhah fungsi ngandharaken gegambaran.

### *8.* Alegori

Keraf (2004:140) ngandharaken bilih *alegori* menika lelewaning basa perbandingan ingkang gegandhengan setunggal kaliyan sanesipun kanthi wutuh. Lelewaning basa alegori kadudut lelewaning basa perbandingan ingkang gegayutan satunggal kaliyan sanesipun wonten ing kesatuan ingkang wutuh. Tembung ingkang kaginakaken menika taksih wonten gegayutipun kanthi wutuh. Ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa alegori.

*(31)* ***Tulus suci*** *tresnaku... (LBpd.43)*

Saking pethikan cakepan lagon menika, saged katingal bilih kalebet lelewaning basa alegori. Kanthi obyekipun tresna, salebeting cakepan menika wonten tembung tulus saha suci. Tetembungan menika gadhah gegayutan setunggal kaliyan sanesipun, pramila menika wonten kesatuan ingkang wutuh kanthi ancas obyekipun tresna.

Fungsi saking lelewaning basa alegori ing nginggil minangka gegambaran raosing manah. Saged katingal saking tetembungan ingkang dipunginakaken.

Tulus suci tresnaku menika minangka gegambaran raos manah ingkang tuwuh salebeting lagon inggih menika raos tresna. Pramila lelewaning basa alegori ing pethikan lagon menika gadhah fungsi minangka gegambaran raosing manah.

## *9.* Sinekdoke

Keraf (2004:142)ngandharaken bilihsinekdoke inggih menika kados dene basa figuratif ingkang ginakaken sebagian saking satunggaling samukawis kangge ngandharaken keseluruhan utawi ginakaken keseluruhan kangge ngandharaken sebagian. Saking pamanggihing nginggil kadudut sinekdoke inggih menika lelewaning basa ingkang ngginakaken nama saperangan kangge sedayanipun utawi kewalikanipun. Ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa sinekdoke ing salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

*(32)* ***Kamarku*** *sik iso dadi seksi (LBpd.36)*

Saking pethikan menika mgewrat lelewaning basa Sinekdoke. Katiti saking tetembungan ingkang kaginakaken. Tembung kamarku menika ngandharaken menapa kemawon ingkang wonten lebet kamar. Kagambaraken ingkang wonten kamar menika dipundadosaken seksi. Kamangka salebeting kamar menika boten sedaya samukawis ingkang gesang ananging kathah samubarang ingkang boten gadhah nyawa.

Fungsi saking lelewaning basa Sinekdoke ing nginggil inggih menika gesangaken gegambaran. Katiti saking tetembungan ingkang kaginakaken. Tembung kamar menika kagambaraken samukawis ingkang gadhah nyawa

pramila saged dados seksi. Tembung seksi menika ngemu teges ingkang saged mirengaken saha mirsani, kamangka kamar menika samukawis ingkang boten gadhah nyawa. Awit saking menika pethikan cakepan lagon ing nginggil gadhah fungsi gesangaken gegambaran.

### *10.* Alusio

Asiling panaliten menika ngandharaken bilih lelewaning basa alusio dipunginakaken salebeting cakepan lagon Hip Hop Ndx. Saengga tamtu kemawon tetembunganipun gadhah ancas kangge ngandharaken samukawis ingkang sami. Ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa alusio ing salebeting cakepn lagon Hip Hop NDX.

(33) ***Dikeki ati rogoh rempela.*** *(LBpd.37)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa alusio. Menika katiti saking tetembunganipun ingkang gadhah ancas tertamtu. Ukara “dikeki ati ngrogoh rempela” menika ngemu teges satunggaling tiyang ingkang sampun dicaosi kabecikan ananging boten gadhah raos sukur lan panuwun ananging malah sansaya ngarepaken ingkang langkung ageng. Ati menika perangan jeroning raga manungsa ingkang gegayutan rempela. Pramila kekalih samukawis menika gadhah gegayutan ingkang caket.

Fungsi lelewaning basa alusio saking cakepan ing nginggil inggih menika kangge ngandharaken gegambaran. Menika kanthi nandhingaken kaliyan babagan sanes, saengga saged dados gegambaran ingkang cetha. Ukara “dikeki ati rogoh rempela” menika gadhah teges minangka gegambaran kawontenan ingkang boten

gadhah raos sukur lan panuwun. Kangge gambaraken perkawis menika supados langkung cetha, pramila ginakaken tetembungan ing nginggil. Saengga fungsi saking lelewaning bsa alusio ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran.

### *11.* Asosiasi

Lelewaning basa asosiasi inggih menika asipat nandhingaken samukawis kaliyan perkawis sanesipun kanthi kagambaraken. Wonten panaliten menika ginakaken lelewaning basa asosiasi ing salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX. Ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa asosiasi salebeting pethikan cakepan lagon.

(34) ***Bocah cebol arep gayuh lintang*** *(LBpd.54)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken tetembungan ingkang kalebet lelewaning basa asosisasi. Bebasan “bocah cebol arep gayuh lintang” menika tegesipun gadhahi kekarepan ingkang mokal utawi boten mungkin saged kalaksanan, saengga menika kawontenan ingkang namung dados pangarep-arep kemawon. Gegambaran menika kanthi nandhingaken satunggaling kawontenan kaliyan samukawis sanes. Pramila tuladha ing nginggil kalebet lelewaning basa asosiasi.

Fungsi lelewaning basa asosiasi wonten salebeting cakepan lagon menika kangge ngandharaken gegambaran. Gegambaran menika katingal saking tetembungan ingkang dipunginakeken. Pramila saged nambahi gegambaran

ingkang langkup cetha kanthi nandhingaken samukawis ingkang tegesipun sami. Kawontenan ingkang kagambaraken inggih menika satunggaling tiyang ingkang boten mungkin gayuh satunggaling gegayuhan pramila katandhingaken kaliyan bebasan “bocah cebol arep gayuh lintang”. Saengga fungsi saking lelewaning basa asosiasi ing nginggil menika kangge ngandharaken gegambaran. Tuladha sanesipun wonten ing ngandhap menika.

(35) *Ibarat godhong garing sing kabur kanginan.(LBpd.94)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa asosiasi. Katiti saking panganggening paribasan “godhong garing sing kabur kanginan” tegesipun samukawis ingkang sampun boten kangge, menapa dene rereged ingkang sampun boten dibetahaken dening liyan lan naming sumebar boten wonten mupangatipun. Pramila menika kalebet lelewaning basa asosiasi awit nandhingaken samukawis kanthi gambaraken perkawis sanes.

Fungsi saking lelewaning basa asosiasi ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran menika kanthi nandhingaken satunggaling kawontenan ingkang kalampahan kaliyan samukaiws ingkang dados paribasanipun. Kawontenanan samukawis ingkang dados rereged, boten wonten mupangatipun , lan sampun boten wonten ingkang gatekaken katandhingaken kados dene godhong garing ingkang kabur kanginan. Pramila pethikan cakepan lagon ing nginggil gadhah fungsi ngandharaken gegambaran.

### *12.* Eufimisme

Inggih menikapancerawujud ungel-ungelan ingkangbotennyinggung raosipun tiyang, utawi ungel-ungelan ingkang alus kangge nggatos pancer ingkang dipunraosaken kasar, ngasoraken utawi kangge mensugestikan samukawisingkang dipunraosakenboten ngremenaken.(Keraf,2004:132). Saengga lelewaning basa perbandingan eufimisme menika ginakaken tetembungan ingkang langkung alus lan sekeca dipunraosaken. Ancasipun supados damel andharan saking satunggaling tembung menika langkung sopan lan sekeca dipuntampi dening tiyang sanes.

*(36) Nganti* ***rambutku putih****. (LBpd.02)*

Saking pethikan cakepan lagon menika, saged kalebet lelewaning basa eufimisme. Tembung rambuku putih menika gadhah teges sanes inggih menika sepuh utawi tuwa. Supados langkung sekeca dipunraosaken, tembung tuwa utawi sepuh menika dipungantos rambut putih. Awit saking tembung rambut putih menika minangka gambaran tiyang ingkang sampun sepuh, pramila rikmanipun werni pethak.

Fungsi saking lelewaning basa eufimisme salebeting cakepan lagon menika inggih ngandharaken gegambaran. Gegambaran ingkang saged dipuntingali inggih menika kawontenan ingkang dipunalusaken. Tembung rambut putih limrahipun gegambaran tiyang ingkang sampun sepuh, pramila kangge damel langkung sekeca dipunraosaken lajeng ginakaken tembung rambut putih.

Saengga saking tuladha ing nginggil nedahaken fungsi lelewaning basa eufimisme inggih menika ngandharaken gegambaran.

### *13.* Epitet

Keraf (2004:141) ngandharaken bilih epitet menika acuan ingkang ngandharaken satuggaling sipat utawi titikan ingkang mligi saking satunggaling tiyang utawi samukawis. Saking pamanggih menika kadudut epitet inggih menika lelewaning basa awujud tiyang utawi samukawis tartamtu kanthi titikan ingkang mligi sahengga namanipun dipunginakaken kangge ngandharaken sipat menika. Ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa epitet ing salebeting pethikan cakepan lagon Hip Hop NDX.

*(37)* *Dhuh* ***pepujaning ati****, apa kowe ora ngerti kowe sing tak anti-anti (LBpd.03)*

Saking pethikan lagon menika tembung *"pepujaning ati"* kalebet lelewaning basa epitet. Awit tetembungan menika dados acuan saking satunggaling tiyang. Tegesipun pepujaning ati menika tiyang ingkang dados sir-siran utawi ingkang dipuntresnani. Lajeng katresnan menika awujud abstrak ingkang kagambaraken manggon wonten ing ati utawi manah. Pramila tembung kasebut kalebet lelewaning basa perbandingan epitet.

Fungsi  saking lelewaning basa epitet ing salebeting cakepan lagon ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran menika katingal saking tembung pepujaning ati ingkang gadhah teges mligi, saengga menika minangka saranakangge gambaraken samukawis kanthi cetha. Pramila saking tuladha pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken fungsi ngandharaken

gegambaran.

**14. Eponim**

Inggih menikalelewaning basaingkang ngginakakennamatiyang utawi namaparaga.Nama-namakasebutasring dipungayutakenkaliyansipat tartamtu, saengga nama kalawaudipunginakakenkangge ngandharakensipatmenika (Keraf,2004:141). Saking pamanggih kasebat saged dipundamel dudutan bilih lelewaning basa eponim menika gambaraken satunggalinng sipat kanthi ginakaken nama tiyang utawi paraga. Tuladhanipun :

*( 3 8 ) Ngaku-ngaku **Arjuna** kamangka kowe kecu (LBpd.44)*

Pethikan cakepan lagon ing nginggil nedahaken lelewaning basa eponim. Katiti saking panganggenin tembung ingkang dados pratandhanipun. Tembung "Arjuna" menika gadhah teges satunggaling paraga wonten ing cariyos wayang kalebet ing Pandhawa Lima minangka satriya ingkang sekti lan gadhah watak ingkang saged dados patuladhan. Dene tembung kecu menika gadhah teges rampok utawi satunggaling tiyang ingkang remen apus-apus lan omongane boten saged dipunpercaya. Pramila wonten tuladha ing nginggil nandhingaken kalih watak ingkang beda sanget kanthi nyebataken satunggaling paraga pewayangan inggih menika "Arjuna". Kanthi mekaten pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa Eponim.

Fungsi saking lelewaning basa eponim wonten ing nginggil inggih menika ngandharaken gegambaran. Gegambaran ingkang dipunmaksud inggih menika gambaraken satunggaling watak paraga wayang inggih menika "Arjuna".

Lajeng katandhingaken kaliyan watak kecu ingkang tamtu kemawon kakalih watak menika beda sanget. Pramila saged kagambaraken kanthi cetha bilih Arjuna kanthi sipat ingkang sae lan kecu menika sipat ingkang boten sae. Pramila saking tuladha ing nginggil nedahaken fungsi lelewaning basa eponim inggih menika ngandharaken gegambaran.

## *15.* Hipalase

Inggih menika lelewaning basa awujud salah satunggaling tembung tartamtu dipunginakakaken kangge ngandharaken tembung sanesipun,dene sejatosipun dipuntunjokakaken dhateng tembung ingkang beda (Keraf,2004:142). Pramila menika dados gegambaran satunggaling samukawis ananging kanthi tembung ingkang sanesipun, kamangka tembung menika beda panganggenipun.

Wonten ing ngandhap menikan gandharaken tuladha lelewaning basa *hipalase* ingkang ginanipun gambaraken ukara ingkang dipunpethik saking cakepan lagon Hip Hop NDX.

*(39) Aku wong cilik sik uripe* ***pait*** *(LBpd.48)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil menika kalebet lelewaning basa hipalase awit wonten tetembungan ingkang beda panganggenipun. Tembung “pait” menika sejatosipun gegambaran ingkang saged dipunraosaken indra pengecap. Ananging wonten salebeting cakepan lagon menika tembung “pait” kaginakakaken kangge gambaraken urip satunggaling tiyang ingkang boten sekeca, utawi dipunraosaken rekasa. Pramila kagambaraken gesangipun menika pait, saengga ngemu teges ingkang katujokakaken teges ingkang beda kaliyan teges

sejatosipun.

Fungsi lelewaning basa hipalase ing salebetening cakepan lagon Hip Hop NDX ing nginggil inggih menika kangge ngandharaken gegambaran. Menika gambaraken bilih gesangipun satunggaling tiyang menika karaosaken rekaos saengga dipungambaraken urip kang pait. Pramila fungsi tetembunganipun menika kangge ngandharaken gegambaran supados langkung cetha.

### *16.* Pars Prototo

Miturut Keraf (2004:142) Pars prototo inggih menika lelewaning basa ingkang gambaraken sabagian kangge *kaseluruhan*. Saengga kanthi nyebataken sebagian saking samukawis sampun saged dados wakil kagem sedayanipun kanthi wutuh. Wonten ing ngandhap menika tuladha lelewaning basa pars prototo salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX.

(40) *Urip* ***sagendheng****, salemah karo awakmu. (LBpd.50)*

Saking pethikan cakepan lagon ing nginggil kalebet lelewaning basa pars prototo, saking pratandha panganggenipun tembung ingkang namung nyebataken sebagian. Tembung “sagendheng” menika sejatosipun ngemu teges agengipun menika kados gedhene gendheng. Ananging wonten salebeting cakepan menika tembung “sagendheng” tegesipun saomah utawi dados setunggal griya. Ancasipun saged gesang sesarengan ing setunggal griya, saengga tembung “sagendheng” menika minangka wakilipun saking sedaya kawontenan kanthi wutuh.

Fungsi saking lelewaning basa pars prototo ing salebeting cakepan lagon ing nginggil inggih menika kangge ngandharaken gegambaran. Awit saking

tetembunganipun minangka gegambaran kawontenan ingkang namung dipunsebataken sebagian ananging kangge keseluruhan. Pramila pethikan lagon ing nginggil minangka tuladha fungsi lelewaning basa pars prototo ngandharaken gegambaran.

# BAB V

# PANUTUP

## A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun katindakaken, saged kadudud sarining panaliten bilih salebetipun cakepan lagon Hip Hop NDX menika kathah ngecakaken lelewaning basa perbandingan saha gadhah fungsi tartamtu. Sedaya wau saged paring daya pangaribawa tumrap kaendahaning tata basa. Kejawi menika ugi saged dadosaken basa utawi tuturan langkung nges miwah nyengsemaken.

Panaliti ginakaken jinis lelewaning basa *perbandingan* ingkang cacahipun wonten enem belas (16) inggih menika : (1) *personifikasi* (2) *depersonifikasi* (3) *simile* (4) *metafora* (5) *metonomia* (6) *pleonasme* (7) *alegori* (8) *sinekdoke* (9) *alusio* (10) *eufimisme* (11) *asosiasi* (12) *eufimisme* (13) *epitet* (14) *eponim* (15) *hipalase*, saha (16) *pars prototo.* Dene fungsi saking lelewaning basa salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX menika wonten wolu (8) cacahipun, inggih menika : (1) konkritisasi (2) nuwuhaken kesan saha swasana (3) gesangaken gegambaran (4) ngringkes seratan saha tuturan (5) ngandharaken gegambaran (6) ngendahaken swanten utawi tuturan (7) nyangetaken tuturan, saha (8) gegambaran raosing manah.

## B. Implikasi Pamulangan

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing salebeting cakepan lagon Hip Hop NDX anggitanipun Yonanda Frisna Damara menika kathah ginakaken lelewaning basa *perbandingan*. Kathahipun jinis lelewaning basa salebeting cakepan lagon saged mangaribawani tumrap kaendahaning tuturan, saengga tuturan katingal langkung nges miwah nyengsemaken. Panaliten menika ugi gadhah fungsi kangge nyengkuyung panaliten bab lelewaning basa *perbandingan* mliginipun pemajasan ingkang wonten salebeting cakepan lagon.

Panaliten menika gadhah mupangat kangge para pengajar saha saged dipundadosaken kangge *referensi* pasinaon bab lelewaning basa *perbandingan* mliginipun pemajasan wonten ing karya sastra. Kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY, asiling panaliten menika saged dipundadosaken seserepan wonten ing bab lelewaning basa *perbandingan* salebetning cakepan lagon. Kangge pamaos, asiling panaliten menika saged dipunginakaken dados referensi kangge panaliten sanesipun mliginipun ingkang wonten gayutanipun kaliyan ngelmu kebahasaan saha kasusastran ingkang kajianipun arupi cakepan lagon.

## C. Pamrayogi

Adhedhasar asilipun panaliten saha pirembagan saking panaliten menika wonten mapinten-pinten pamrayogi ingkang prelu dipungatosaken, inggih menika.

1. Panaliten menika namung ngandharaken jinising lelewaning basa

*perbandingan* saha fungsinipun. Awit saking menika saged dipunlajengaken panaliten ingkang ngrembag jinis lelewaning basa sanesipun kanthi jangkep, sae miwah objek analisis ingkang sami utawi beda.

2. Tiyang ingkang remen kaliyan lelagon Hip Hop Jawi mliginipun lagon NDX dados tambahan seserepan saking basa ingkang dipunginakaken. Pamilihing tembung ingkang ngemot lelewaning basa menika nambahi daya kaendahaning lelagon saengga sansaya damel narik kawigatosan.
3. Panaliten lelewaning basa ingkang wonten ing cakepan lagon Hip Hop NDX menika dados bahan pasinaon wonten ing bidang semantik mliginipun lelewaning basa *perbandingan* salebeting cakepan lagon.

# KAPUSTAKAN

A, Teeuw. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*: Pengantar Teori Sastra. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.

Achmadi, Muchsin. 1988. Materi Dasar Pengajaran Komposisi Bahasa Indonesia. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Alwi, Hasan dkk. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Aminuddin. 1988. *Semantik Pengantar Studi tentang Makna*. Bandung: CV. Sinar Baru.

Badrun, Ahmad. 1989. *Teori Puisi*. Jakarta Depdikbud Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.

Chaer, Abdul. 2002. *Pengantar Pengajaran Semantik*. Jakarta: Rineka Cipta.

_________ . 2007. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.

_________ . 2009. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Nusa Indah.

Fakultas Bahasa dan Seni. 2009. *Panduan Tugas Akhir Skripsi*. Universitas Negeri Yogyakarta.

Kellner, Douglas. 2010. *Budaya Media* : Cultural Studies, identitas dan politik: antara modern dan postmodern. Yogyakarta: Jalasutra.

Keraf, Gorys. 1981. *Diksi dan* Gaya Bahasa. Ende-Flores: Nusa Indah.

___________. 1990. *Diksi dan Gaya Bahasa*: Komposisi Lanjutan. Jakarta: Gramedia

___________. 2002. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Gramedia

___________. 2004. *Diksi dan Gaya bahasa*. Jakarta: Nusa Indah.

Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.

Moeliono, Anton. M. 1989. *Kembara Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia.

Moleong, j, Lexy. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

Mulyana. 2008. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Nurgiyantoro, Burhan. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngéngréngan Kasusastran Djawa I*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Parera, Jos, Daniel. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.

Poerwadarminto, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters' Uigevers-Maatschappij N.V.

Pradopo, Djoko Rahmat. 1987. *Penelitian Gaya Bahasa Sastra*. Poerwokerto: IKIP Muhammadiyah Purwokerto.

____________________. 2002. *Kritik Sastra Modern*. Yogyakarta: Gama Media.

___________________. 2005. *Beberapa Teori Sastra,Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

___________________. 2007. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Purbowati, Dewi. 2012. *Gaya Bahasa Perbandingan dalam Kumpulan Roman Ser! Randha Cocak Karya Suparto Brata*. Yogyakarta: UNY.

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stalistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rudianto, Dika. 2009. *Lelewaning Basa Panyandra salebeting Upacara Panggih Gagrag Surakarta*. Yogyakarta: UNY.

Sadily, Hasan. 2004. *Ensiklopedi Indonesia*. Jakarta: PT. Ichtiar Baru-Van Hoeve.

Sayuti, Suminto.A. 1985. *Berkenalan Dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.

Sudaryanto. 1985. *Tata Bahasa Buku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Supriyono, dkk. 2008. *Pedalangan Jilid 1*. Jakarta : Direktorat Pembinaan Sekolah Menengah Kejuruan.

Sumarsono. 2007. *Pengantar Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Suwandi, Sarwiji. 2008. *Semantik Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta: Media Perkasa.

Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran semantik*. Bandung: Angkasa.

Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Gaya Bahasa.* Bandung: Angkasa.

Ullman, Stephen. 2007. *Pengantar Semantik (Adaptasi Sumarsono).* Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Waluyo, Herman. J. 1987. *Teori Dan Apresiasi Puisi.* Jakarta: Erlangga.

Widayat, Afendy. 2001. *Teori Sastra Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

Verhar, J. W. M. 1981. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

## KAPUSTAKAN *INTERNET*

Maulana, Firman. 2008. *Gaya Bahasa*. Dalam http://firman94.multiply.com/journal/item/70 ing titi 3 November 2016 wanci 19:33 WIB

*https://liriklaguindonesia.org/artist/ndx-aka/* ing titi 30 Oktober 2016 wanci 10:07 WIB

*https://www.tempatliriklagu.com/p/ndx-aka.html* ing titi 3 Januari 2018 wanci 19:54 WIB

# LAMPIRAN

**Tabel 5. Daftar Kode Irah-Irahan Lagon**

| No | Irah-irahan | Kode |
|---|---|---|
| 1 | Pucuke Asmara | CLNDX.01 |
| 2 | Nyiksa Batin | CLNDX.02 |
| 3 | Kau Tercipta Bukan Untukku | CLNDX.03 |
| 4 | Sayang | CLNDX.04 |
| 5 | Talining Asmara | CLNDX.05 |
| 6 | Korban Katresnan | CLNDX.06 |
| 7 | Piwales Tresna | CLNDX.07 |
| 8 | Tewas Tertimbun Masalalu | CLNDX.08 |
| 9 | Salah Kekancan | CLNDX.09 |
| 10 | Bojo Simpenan | CLNDX.10 |
| 11 | Bojoku Disebeh | CLNDX.11 |
| 12 | Bojoku Digondhol Bojone | CLNDX.12 |
| 13 | Ditinggal Rabi | CLNDX.13 |
| 14 | Banyu Surga | CLNDX.14 |
| 15 | Wis Wani Perih | CLNDX.15 |
| 16 | Tresnaku Rabakal Luntur | CLNDX.16 |
| 17 | Kelingan Mantan | CLNDX.17 |
| 18 | Bojo Ketikung | CLNDX.18 |
| 19 | Terminal Giwangan | CLNDX.19 |
| 20 | Remukan Ati | CLNDX.20 |
| 21 | Janur Garing | CLNDX.21 |
| 22 | Lewung | CLNDX.22 |
| 23 | Kimcil Kepolen | CLNDX.23 |
| 24 | Iklas | CLNDX.24 |
| 25 | Kangen Mantan | CLNDX.25 |

**Pucuke Asmara (CLNDX 01)**

Pangripta : NDX

Ra nyangka ra ngira

Yen sliramu gampang kegodha wanita

Nggetuni anggonku nglanggati

Tresnamu lamis jebul mung ana lathi

Lantip ana pangucap

Cidra anggonanmu janji

Kangmas coba jelasna

Apa aku salah panampa

Cah ayu aja mbok terusna

Sifatmu kuwi gampang percaya ro wong liya

Tresnaku iki ya mung kowe

Ra ana niatan golek wanita liyane

Tulus suci tresnaku

Ya mung ana nggo sliramu

Uwis ana eluhmu

Brebes mili ana pipi kuwi

Tekan pucuke asmara

Tresnaku saya ngrembaka

Muga bisa salamiya

Kowe lan aku tekan bebrayan

**Nyiksa Batin (CLNDX 02)**

Pangripta : NDX

Kesel atiku, sabar ngerteni

Ngempet laraning ati

Tresna karo kowe

Apa kudu larane

Nangis batin nganti kaya ngene

Wis dhik aku sing mundur

Katimbang tak teruske tresnaku dadi tambah ajur

Jare cintane bubrah rasa ati ra genah

Aku pingine pisah, nangis sliramu wegah

Wis aku ra kuat aku tak sing minggat

Tresna iki udu dolanan lara atiku ra karuan

Tresna sing suci saikine tinggal janji

Tangise dadi bukti

Ra kuat aku, nyiksa batin ning atiku

Trimaa katimbang dadi tambah lara

Lilakna aku nyandhing tresna sing liyane

Isa nampa atiku apa anane

Wis dhik ikhlasna aku

Mungkin dalane pisahan aku marang sliramu

Tresna iki tak pendem sajeroning ati

Jero dhadha uwis nerima

Aku mung isa ndonga kowe gandheng lanangan liya

Aku taksing lunga atiku lara

**Kau Tercipta Bukan Untukku (CLNDX 03)**

Pangripta : Obbie Messakh

Ealah dhik dhik, piye iki?

Jare lunga dilit

E jebule malah suwe

Bali ngana isih tresna aku, aku seneng

Mulih-mulih wis rabi

Piye dhik perasaanmu nek dadi aku?

*Hancur* ra? *Hancur* ta? Lhaiya *hancur*.

Ah... jan...

*Kan ku bawa wajahmu*

*Kan ku bawa namamu*

*Kuingin tidur dan bermimpi malam ini*

*Sendiri melintas sepi*

*Ku usut masam rambut dan gaun malam ku tak peduli*

*Di sana engkau berdua di sini aku sendiri*

*Di sana engkau tersenyum di sini aku menangis*

*Jangankan untuk bertemu*

*Memandangpun sudah tak boleh*

*Apalagi bernyanyi bersama bagai dulu lagi*

*Jangankan mengirim surat*

*Menitip salam pun sudah tak boleh*

*Ternyata memang kau tercipta bukan untukku. (Wouoo..)*

***RAP I***

Aku raisa nglaleke karo kenanganmu

Sik biyen tak ukir ana ning jero atiku

Senajan lara batin iki merga aku tok apusi

Jare lunga dilit mulih-mulih kowe uwis rabi

Apa wis kowe ra perlu perduli karo awakku

Pa ya tega banget blenjani janji sucimu

Apa merga aku ora duwe bandha

Aku tok tinggal dhewe, kowe lekas lunga

Pendhakdina aku urip gur dhewean

Arep ngapa-ngapa malah dadi gue memengan

Ra ana sik sayang, ra ana sik perhatian

Arep madhang biyen mesthi dielekke

Arep turu biyen mesthi didongake

Saiki gur aku iso ngenteni pisahmu

Bojomu dipegat terus kowe karo aku

Tak bukteke setiaku padamu

***RAP II***

Ra bakal aku ro kowe isa nganti ketemu

Delok foto ayumu aku dadi kelingan sliramu

Nanging aku ro kowe wis beda dalane

Ibarate bocah cebol arep gayuh lintang

Aku ora mungkin aku ora isa

Nyandhing sliramu nganti tekan tuwa

Nanging aku janji setia karo kowe

Walaupun kowe wis duwe liyane

Aku uwis lila aku uwis pasrah

Kenyataane aku ro kowe uwis pisah

Yawis orapapa muga-muga wae kowe seneng ro wonge

Aku nangis neng kene

Neng kamarku iki sik isa dadi seksi

Perjalanan cintaku cukup sampai disini

Aku takkan lagi berharap yang sudah terjadi

Karena semua ini seperti realita mimpi

**Sayang (CLNDX 04)**

Pangripta : Om Wawes

Sayang apa kowe krungu

Jerite atiku mengharap engkau kembali

Sayang, nganti memutih rambutku

Ra bakal luntur tresnaku

***RAP I***

Wis tak coba nglaleke jenengmu saka atiku

Isih tresna sliramu dhuh pepujane ati

Nanging kowe ora reti, kowe sing tak wanti-wanti

Malah jebul saiki kowe mblenjani janji

Jare sehidup semati nanging apa bukti

Kowe medhot tresnaku demi lanangan liya

Yawis ora papa Insyaallah aku isa lila

Meh sambat kalih sinten, yen sampun mekaten

Merana uripku

Aku welasna nimas, aku mesakna aku

Aku nangis nganti metu eluh getih putih

Sayang apa kowe krungu

Jerite atiku, mengharap engkau kembali

Sayang, nganti memutih rambutku

Ra bakal luntur tresnaku

***RAP II***

Hari demi hari uwis tak liwati

Yen pancen dalane kudu kuat ati

Ibarate sega, uwis dadi bubur

Nanging tresna iki, ora bakal luntur

Satenane aku iki pancen tresna awakmu

Ora ana liyane sing isa dadi penggantimu

Mung kanggo awakmu sing cocok neng atiku

Nganti atiku njerit atimu rabakal krungu

***RAP III***

Sayang apa krungu jerite atiku

Mengharap kowe bali neng jero ati iki

Nganti rambautku putih tangis eluh dadi getih

Mbokya gek ndang bali nglakoni tresna suci

Aku marang sliramu no ratu neng atiku

Aku raisa ngapusi satenane neng ati

Mung kanggo sliramu cintaku tetap abadi

Selamanya sampai akhir hayat ini

Meh sambat kalih sinten, yen sampun mekaten

Merana uripku

Aku welasna nimas, aku mesakna aku

Aku nangis nganti metu eluh getih putih

Sayang apa kowe krungu

Jerite atiku, mengharap engkau kembali

Sayang, nganti memutih rambutku

Ra bakal luntur tresnaku

Percaya apa pepujanmu

Cintaku tetap abadi

**Talining Asmara (CLNDX 05)**

Pangripta : NN

Apa salahku nganti kowe ninggalke aku

Tanpa sebab alasan dadi karepmu

Teganing ati medhotke talining asmara

Apa pancen wis ana lanangan liya

Lara ati atiku lara tansah saya keranta ranta

Rasa iki tetep jroning dhadha kowe uwis beda

Tumetesing iluhku nganti kaya tirta segara

Nalikane kowe lunga ninggalke aku

Nelangsa ku nelangsa ati saya keranta-ranta

Kowe uwis cidra, lali sumpah setyamu

***RAP I***

Tumetes iluhku nganti kaya tirta segara

Laraning njero atiku nganti keranta-ranta

Kelingan janji-janjimu bakal ngancani kayangan

Talining asmara dadi ilang pedhot tanpa alesan

Dhuh Gusti paringana hambamu kesabaran

Dhuh Gusti paringana hambamuketabahan

Masalah ati, sing lagi bubrah saiki

Tak percaya tak hormati

Jebule kuwi kabeh ngapusi

Tumetesing iluhku nganti kaya tirta segara

Nalikane kowe lunga ninggalke aku

Nelangsa ku nelangsa ati saya keranta-ranta

Kowe uwis cidra, lali sumpah setyamu

***RAP II***

Tak kon tumindak sing becik kwi wis tak lakoni

Tak kon tumindak sing apik kwi mesti tak turuti

Janji setyaku tanggung jroning kecempek tekansaiki

Tak tandur jroning ati

Salah, mungkin aku ra sadar aku salah presepsi

Sinambung talining asmara metu idu seka ati

Kowe sing gawe janji malah kowe dhewe sing blenjani

Tumetesing iluhku nganti kaya tirta segara

Nalikane kowe lunga ninggalke aku

Nelangsa ku nelangsa ati saya keranta-ranta

Kowe uwis cidra, lali sumpah setyamu

**Korban Katresnan (CLNDX 06)**

Pangripta : NDX

Ciri-ciri mantan yang getun (takon kabar, takon kabar)

Siji takon kabar (yee....)

Kedua ngomong kangen pengen ketemu (wuu....)

Ke three kamu ngejak khue holan (wowowo...)

Rasa tresna iki wis ilang

Ibarat kembang kabur kanginan

Gedhene ombak nabrak karang

Jembar ati nampa kasunyatan

Aku isa gawe luwih lara

Katimbang batinku kasiksa, aku lunga

Pangapurane ora isa baleni tresna

Ketimbang atiku mati alus, kelara-lara

Ilang rasa katresnan saiki dadi kenangan

Ibarat godhong garing sing kabur kanginan

Atiku remuk ra karuan

Ati lan batin iki oraisa mbok apusi

Aku ngampet lara neng jerodhadha

Atiku jembar kaya segara

Iklasna rasa katresnan saiki dadi kenangan

Ibarat godhong garing sing kabur kanginan

Atiku remuk rakaruan

Ati lan batin iki ora isa mbok apusi

Aku ngampet lara neng njero dhadha

Atiku jembar kaya segara

Iklasna aku gandheng wong liya

Rasa sayange ora gawe lara
Wis rasah nangis, wis rasah ngemis
Cukup semene iki dalane
Eman-eman kasih sayangku
Eman-eman lehku setia
Getun kui tiba mburi

Pangapurane ora isa baleni tresna
Ketimbang atiku mati alus, kelara-lara
Ilang rasa katresnan saiki dadi kenangan
Ibarat godhong garing sing kabur kanginan
Atiku remuk ra karuan
Ati lan batin iki oraisa mbok apusi
Aku ngampet lara neng jerodhadha
Atiku jembar kaya segara

**Piwales Tresna (CLNDX 07)**

Pangripta : NDX

Kowe tau ana ning atiku

Kowe biyen ngancani uripku

Saiki kowe lunga ninggal janji palsu

Apa iki piwales tresnamu

Ngukir cidro neng njero batinku

Ngapa tega dolanan atiku sapenakmu

Nalika ati iki wis mantep milih kowe

Nanging memburine aku mbok tinggalake

Soroting mripatmu wis ra nandhakake tresna

Rasa wis tok rampungi, atiku tok larani

Yen kelingan janji manis raga iki ra kuat

Kabeh esemanku dadi luluh sambat

Uripku saya susah sauwise kowe cidra

Ra ngiro tresna suci iki dadine sewu lara

Jroning ati pancen tresna marang nimas

Nanging aku rabisa, mbaleni kabeh crita

Kowe tau ana ning atiku

Kowe mbiyen ngancani uripku

Saikine kowe lunga ninggal janji palsu

Apa iki piwales tresnamu

Ngukir cidraneng njero batinku

Ngapa tega dolanan atiku sapenakmu

Rembulan wengi iki gawa rasa kang tipis

Lintang dadi saksi perih ing sambat tangis

Sembrebet angin tresna wis mandhek mbok gawa lunga
Apa isih pantes, dadi kenangan
Ora ana ucap pisah kang isa dadi dadi tinggalan
Merga kowe wis ra bisa kanggo dijak bebrayan
Jroning ati pancen tresna marang nimas
Nanging aku rabisa baleni kabeh crita

Ra bakal tak baleni tresnamu kaya geni
Kang sumlebyar mlabat ngobong rasa kang suci
Saiki pancen wis ra bisa bali neng wektu mbiyen
Ilang ukara apa meneh gawe crita balen
Wis ya wis aja gugah manah kang turu
Tresna kasih lan ati biyen dudu duwekmu
Tak lilakne jembar manah ngeculke kowe
Mugi Gusti saguh lan cepet paring gantine

**Tewas Tertimbun Masalalu (TTM) (CLNDX 08)**

Pangripta : NDX

Kowe tau neng uripku, tansah ana neng atiku

Rabakal luntur sadurunge janur kuning melengkung

Apa kowe ra kelingan biyen mlaku bebarengan

Ibarat langit karo rembulan, tresnaku ra bakal ilang, sayang

***RAP I***

Dhuh kowe cah ayu isih urip ana neng atiku

Aku raisa lila lungamu ra bakal tak tampa

Kaya gedhene ombak segara neng laut ke

Pesisir pasir putih sing tau dadi seksine

Nalikane isih urip madhep mantep bebarengan

Janji-janji palsumu saiki dadi kenangan

Putih-putih rembulan, padhang-padhange lintang

Tiada yang lain cintaku untukmu sayang

Aku raisa lali udan grimis sing dadi seksi

Durung sempet tak rabeni janjimu wis tok blenjani

***RAP II***

Saiki bubar cerita tresnaku tok gawa lunga

Janji jaman semana kowe bakal prasetya

Aku raisa lila smapeyan medhot tresna

Manut karep wong tuwa gandheng lanangan liya

Lara rasane ati sampeyan ingkar janji

Brebes mili eluhku iki raisa tak gondheli

Mung siji dongaku kowe bali marang awakku

Bakal tak tunggu sakuat kuate atiku

**Salah Kekancan (CLNDX 09)**

Pangripta :NDX

Biyen pas seneng kita selalu bersama

(ciee.. ciee..)

Saiki aku susah duwe masalah kowe dha neng ndi?

(kasih tau gak ya...)

Aku ki ora pilih kanca kok

Mungkin ini gur merga salah kekancan

Yawislah nek ngana, tak trimak trimakke wae

Ji ro lu pat mo, pancen aku ra trima

Enem pitu wolu sajane aku nesu

Ngurusi dhapuranmu sik gaweane ngecu

Entek rasa sabarku ngerteni tumindakmu

Ora kelingan nek sambat karo sapa

Nek udu karo kanca nalika atimu lara

Pa ya kurang aku le ngerteni salahmu

Tetep wae tok bolan baleni nyepeleke kancamu

Aku ora ngira ngene dadine

Kekancane kok bubrah akhire

Apa ngene ki caramu

Apa iki balesanmu

Saiki aku ngerti (aku ngerti) kekancan ora cengli (ora cengli)

Pa ya raduwe rai kowe ngapusi sakitnya tuh di sini

Wis ndang minggato karo (minggata kana)

Nek musuh rupa kanca (rupa kanca)

Nek butuh kowe mara nek ra butuh kowe lunga ninggal kanca

Saiki kurang apa aku dadi kancamu

Wis tak iklaske kowe nagnti nikung bojoku

Dikei ati (ya iyalah) rogoh rempela

Wis tak gawe meneng kowe tetep tak anggep kanca

Biyen kanca guyu kok dadi as*

Biyen kanca susah saiki dadi bubrah (brah)

Sakarepe atiku tak adohi dhapuranmu

Saiki tak iklaske kowe modar ya karepmu

**Bojo Simpenan (CLNDX 10)**

Pangripta : NDX

Eneng ngisor sorot rembulan ing wengi iki
Tak gantungke tresnaku kang tulus suci
Senajan aku dudu kang nomer siji
Rasa keukir sajeroning ati

Sampun lembah manah anggonku tresna karo kowe
Susah seneng sik tak rasake sembuh piye akhire
Ngalah ati welas asih andum ati krasa gerih
Andhap ngasor ngampet tangis tresna iki ora pamrih

Semilir angin segara gugah atiku
Karang gedhene ing tengah laut nguatke aku
Tansah tak gujeng kenceng ra bakal tak uculke
Amerga sucining tresnaku namung kanggo kowe

Hasil eluh kang netes sing dadi seksi lara lan cidra
Nanging gedhe asmara tetep ora bakal aku lunga

Madhep amntep tresna mung kanggo sliramu kangmas
Rabakal bisa pindhah ing ati liya
Senajanaku mung bojo simpenanmu
Nanging atiku ora bakal mlayu
Tak sungging esemanku saben ketemu sliramu
Tak suntak kabeh isi kang ana neng atiku
Aku ngerti ora gampang yen dadi bojo simpenan
Namung pasrah lan mugi Gusti paringi dalan

Ora peduli sepira anggonku ngenteni
Sewu wulan sewu taun bakal tak larungi

Merga sampeyan kadhung urip ana neng ati
Rasa tetep jumeneng nggo kowe tekan ku mati
Aku ngerti tresnamu mung kanggo awakku nimas
Nanging ati iki wis ana sing duweni
Sabarna atimu kuatna batinmu
Yen pancen jodho ora bakal mlayu

**Bojoku Disebeh (CLNDX 11)**

Pangripta : NDX

Number one bojoku digondhol bojone (sabar ndan...)

Number two bojoku ditikung (wis asor lek...)

Number three bojoku disebeh (tragis...)

Kejam, menyiksa ( I know friend...) modar...

Jaremu tresnamu mung aku? jaremu sayngmu mung aku? (lara atiku)

Nanging nyatane kamu memilih dirinya

Kamu kena bulu perindu, seakan jadi rindu beneran

Aku gak tahan, i will stop loving you

Sekarang kamu dengan dia

Sekarang kamu cinta dia (lara atiku)

Neng kene aku hanya bisa tertawa

Kamunya kena semar mesem

Mesem mesem lalu kesengsem

Mulai sekarang she is leave me forever

Larane ati yen kelingan sliramu

Sik bebarengan nglewati dawane wektu

Ning kok malah lara

Sing kudu tak rasake, caramu salah rekasa tiba burine

Kowe langsung menggok seka dalan tresnaku

Tanpa pamit aku, sing tau duwe mimpi

Urip sagendheng, salemah karo awakmu

Ning nyatane aku mbok larani

Aku mbok tinggalkan dan tanpa alesan

Seakan kau terbang tanpa ada beban

Kau kena jaran goyang dari dia si pecundang

Ternyata cintamu begitu mudah didapatkan

Semar mesem, bulu perindu, oh apalah itu

Telah mampu meruntuhkan tebal dinding hatimu

Dan apalah daya ku manusia biasa

Dan kau tega matikan bara api asmara

Kini tlah hilang kata i love you darimu

Tak ada lagi ucapan kata i miss you

Karena dirimu pergi seakan kau forget me

Semoga kau bahagia dengan dia

Dan semoga tetap mandi jampi-jampinya

Aku sekarang hanya bisa tertawa haha

Betapa kasian dia dapatkan sisa-sisa cinta kita

**Bojoku digondhol Bojone (CLNDX 12)**

Pangripta : NDX

Pancen ngenes uripku, duwe pacar kok ngerusak utekku

Jare trena aku ra blenjani aku, lananganmu jebule gur pabu

Aku ora nyangka wae

Duwe pacar kok malah mumet ndhase

Raana kabare ora jelas rupane

Bojoku digondhol bojone

***RAP I***

Duwe bojo kowegur gawe awak semble

Aku kudu piye yen ngene kahanane

Dituruti orangerti kok malah bagi ati

Gwe aku frustasi marai pengen mati

Tur aku ya wegah nek kudu terusngalah

Delok kowe polah marai urip dadi bubrah

Mbokya mikir sithik kurang apa awakku

Tok gawe aku sutek merga tekon ala mu

Aku uwis sabar nganti ngelus dhadha

Nek gurpengen bubar aku ya sumangga

Dhasar aku uwis jeleh nyandhing terus sliramu

Sik pas tau ngerteni apa karepku

***RAP II***

Rasa kaget rasaku tak nyawang kowe dhemenan

Rasa ati nganti jepat dadi ora karuan

Kelingan janji-janjimu jebule ora mutu

Kok ra duwe isin awakmu ngapusi aku

Apa merga bojo anyarmu kuwi sing sugih bandha

Uwis sumeleh nesu we ora krasa

Yen pancen dhek e tok pilih aku gur isa lila

Nadyan rasa lara teka tetep ra tak rasakna

Muga kabeh isa dadi kesenangmu

Urip penak lan mulya karo bojo anyarmu

Pancen aku raisa nyenengke kowe nganggo dhuwit

Merga dhasare aku wong cilik sik uripe pait

***RAP III***

Aku gur isa donga nggo apike uripmu

Muga isa bungah kro bojo anyarmu

Anggep wae ratau ana cerita aku karo kowe

Senajan apa sing tok duwe wis tak olehke

Nanging lalekke wae apik lan elek awakku

Pikirna wae urusan duwe bojo anyarmu

Aku uwis luwih mikirke kowe meneh

Mendhing aku sumeh kowe wis heweh-heweh

Ra perlu tak tangisipancen iki dalane

Aku isa oleh sing luwih apik seka kowe

Yawis cukup semene aku karo awakmu

Mesakake bojomu kae gur mangan turahanku

**Ditinggal Rabi (CLNDX 13)**

Pangripta : NDX

Atiku rasane lara nyawang kowe rabi karo wong liya
Nangis getih eluhku remuk ajur rasaku
Kowe tega ninggal aku
Apa iki wis dalane kudu pisah kelangan tresnane
Kudu kuat atiku kudu kuat batinku
Senajan nyiksa tresnaku
Dhik apa kowe lali karo sumpah janjimu
Biyen bakal ngancani urip tekan matiku
Pancene kowe tega medhot tali asmara
Rabi karo wong liya blenjani tresnaku nelangsa

***RAP I***

Biyen tak tandur pari thukule suket teki
Wis kadhung tak pacari malah ditinggal rabi
Kowe tega nglarani belnjanijanji suci
Nek ana kembange ilang kok tresna wani kelangan

**Banyu Surga (CLNDX 14)**

Pangripta : NDX

Yen sedina ora ngombe banyu pekok awak rasane lungkrah kaya digebuki

Pikirane semrawut dadi saya ora genah

Hahaha ya ndx a.k.a featuring ndx a.k.a familia karangayar, men

Dangdutan aikonti men (adhuh adhuh adhuh)

Yen sedina ora kambon banyu surga

Malah mung nglangut dhewe kaya bocah pekok

Utekke dadi mikir bangsa perkara sing ora cetha

Ayo mumbul dadi siji, seduluran tekan mati

Karangayar Jogjakarta jangan lupa bahagia

Ayo uwul sakuate ndene-ndene ayo ngombe

Lalekna masalahmu mendhing goyang bareng aku

Aja lali campurane ben ora pengar ciune

Penak mabur nang angkasa dikancani banyu surga

Nek kowe rumangsa ndx a.k.a familia

Ayo mabuk bareng dunia milik kita bersama

Ora eling perkarane yen lagi mumbul-mumbul

Ndem-ndeman ngasi tekan wengi ra gagas apa wae

Tresna kui ora penting ati cidra lara mikir

Ngurusi dhapuranmu marai ngelu utekku

Dituruti apa wae jaluk Mercy tak tembuske

Nek rekluna tak nggo dhewe, tak gegrepke ciu wae

Akeh wedokan nyeraki aku bingung le milihi

Nganti senat senut adhuh (pusing pala barbie)

Aku ngombe kowe ngombe nek wis parah rasah res

Nek isih kurang ciune mendhing utang basir wae

Mbimbit taman sak parkire tambah sing susah batine

Rasah nangis merga tresna ning sandhingmu ana kanca

Gampang teler pulang kewer malkune wis keser-keser

Utekku ya melu gese delok dangdut langsung nyawer

Teka ngomah balang sapu bojo nesu aku mlayu

Mendhing aku tuku ciu ngombe bareng sedulurku

**Wis Wani Perih (CLNDX 15)**

Pangripta : Bayu G2G

Kowe ngapa ta gawe atiku lara terus
Kowe ki berubah saploke kenal karo kowe
Apa salahku apa, kowe wis ra sayang karo aku
Tresnaku sing biyen wis ilang
Kowe dudu wong sing tak kenal
Mung perih sing tak rasake
Saiki mendhing awake dhewe bubar
Tak dongake muga kowe bahagia
Karo wong sing tok sayangi

Gandheng karo kowe gawe uripku nelangsa
Kudu wani perih awakku iki
Saben dina mung tansah gawe laraning ati
Amerga seneng blenjani janji ratau bisa ngerteni
Kaya ketiban andha
Wis lara malah tok siya-siya
Apa kowe cen sengaja
Amerga wis ana wong liya

***RAP I***

Biyen tresnaku mung siji iku kowe
Biyen sayangku ra luntur dinggo kowe
Biyen nganti tekan mati ya mung kowe
Nanging saiki wis ilang merga kowe
Biyen jarene sedya sehidup semati

Nanging nyatane kowe blenjani janji

Tresna suciku iki ratau mbok ngerteni

Malah kowe seneng gawe laraning ati

***RAP II***

Apa aku kudu golek wong sing isa ngerteni

Nek pancen kowe wis ora gelem peduli

Slama iki aku jaga tresnaku kang suci

Malah tok balas nglarani ati gawe tangis ati iki

Ibarat air susu kau balas air tuba

Smakin kuat kau genggam pasti kau pergi juga

Sudah cukup sudah kita akhiri saja

Mungkin ini jalan terbaik untuk kita berdua

**Tresnaku Ra Bakal Luntur (CLNDX 16)**

Pangripta :NDX

Dhik aku tresna banget karo kowe, tapi kok kowe ra gagas aku

Tapi tenan dhik tresnaku iki ora bakal luntur salawase dhik, salawase

Kudu piye aku isa ngolehke gedhe tresnamu

Tok tarik ulur aku tetap ra mundur, tresnaku rabakal luntur

Apa kurang rasa tresna sing tak ukir jeroning raga

Kowe kok nyepeleke malah ndadak PHP

Padahal ra kurang-kurang tresnaku mung nggo kowe

Wektu bandha lan nyawa kabeh wis tak iklaske

Kowe ragu-ragu ora nampa awakku

Tak ceraki kowe ngadoh gawe lara batinku

Ya men aku tetep berjuang kanggo awakmu

Muga wae kowe peka banjur gelem dadi bojoku

Sewu dongaku namung kanggo sliramu muga bisa nampa tresnaku

Nanging awakku ra bakal isa tresna marang wong liya

***RAP I***

Wis ora keketung meneh apa sik wis tak wenehke

Kasih tulus tresna suci uwis kabeh tok nggo kowe

Aku kudu piye lehku ngadhepi

Nganti aku ra sempet mikir awakku dhewe

Atimu kaya watu sik rabakal iso lebur

Arepa ditetesi udan deres ra bakal mumur

Namung sabar lan iklas sing bisa tak lakoni

Muga wae kowe bukak ati isa dadi siji

***RAP II***

Dudu maksud  ku nglarani atimu, durung bisa nampa tresnamu

Nanging tresnamu sing kanggo aku,saking gedhene neng atimu

Aku ngerti tresnamu mung tansah kanggo awakku

Nanging arep piye meneh aku pasrah lan sumeleh

Aku mung bisa donga marang Gusti sing kuwasa

Senajan atimu lara nanging kowe sing prasetya

**Kelingan Mantan (CLNDX 17)**

Pangripta : NDX

Dhik kowe biyen janji karo aku nglakoni tresna suci kanthi iklas tekan mati

Ning nyatane ngapusi cidra ati iki netes eluhku mili deres neng pipi

***RAP I***

Pancen lara nek kelingan tentang masa lalu

Bayangan memang tak seindah kenyataan di hidupku

Kelingan awale kita ketemu di sana

Berduaan bermesraan penuh canda dan tawa

Sumpah janji tresna iki aku karo kowe

Muga wae isa langgeng tekan salawase

Adhik kangmas nyaman kalih panjenengan

Muga wae tresna iki ora bakal tau dadi kenangan

***RAP II***

Dhik apa iki bukti katresnanmu marang aku

Kowe ninggal lunga tanpa sebab bahkan ora nesu

Rada suwe wis sesasi kowe ra ngabari

Aku bingug kudu goleki sliramu neng ngendi

Yowis mungkin dalan tresnane kudu pisah

Walaupun ati iki gur isane pasrah

Bakal tak kenang jenengmu nang masa laluku

Senajan kowe wis gawe cidra neng atiku

Mas pangapurane kanggo awakku

Mergane tresna iki tak direstui ibuku

Aku belnjani janji cinta kita ini

Lilaknsa aku kanthi iklas ati

**Bojo Ketikung (CLNDX 18)**

Pangripta : NDX

Jangan apa? jangan kangkung

Tempe apa? tempe kara

Ngapa kok bingung bojoku ditikung

Papa ra ora, aku rapapa

Aku ra nyangka kowe tega karo kanca

Jarene kanca kenthel bojoku tok sleding tekel

Apa ra ana kimcil liya sing seneng kowe

Nagnti kowe nikung bojone kanca dhewe

***RAP I***

He kowe kancaku sing jarene cs ku

Nanging nyatane neng buri kok kowe kaya pabu

Bribik nikung niyak bojone kanca dhewe

Oramikir kancane tumindak sapenake

Paitan cangkem lunyu kau merebut pcarku tusuk dari belakang

Ah mana ku tau

Ngaku ngaku Arjuna kamangka kowe kecu

Ra nganggo sopan santun kau dustai diriku

Satenane atiku lara nanging aku mencoba rapapa

Satenane atiku lara nanging aku kebacut lara

***RAP II***

Aku kurang apa kok kowe isa tega

Apa ana salah ku terus kowe nikung aku

Apa putut ajarna kok aku kudu lilo

Ngrasakna tumindakmu sing ngrungeke awakku

Pancene kowe konyol ning utekmu kok prothol

Pendhak dinane awor kok bojoku tok gondhol

Tak bisa aku pendam mana sanggup aku bertahan

Neng ngarep kok apikan neng mburi kok bajingan

***RAP III***

Yawis sakarepmu nek ngene iki caramu

Yen wis iki dalane aku mung iklas wae

Kowe mung tak bedani kok watakmu kemlinthi

Pacar teman sendiri kau anggap permaisuri

Geng ndang rumat kana gek ndang untal kana

Muga isa seneng awet tekan tuwa

Sajane aku guyu mikirke tumindakmu

Kok kowe gragas banget ngopeni turahanku

**Terminal Giwangan (CLNDX 19)**

Pangripta : NDX

Rasane rakaruan neng ati lara tenan
Cinta matiku kau anggep dolanan

Biasane jam semene wis ngabari
nanging tekan saiki hp ku durung muni
Biasane jedhal-jedhul neng ngarepku
nanging dina-dina iki menghilang
Bagai butiran debu

Aku mung kaya terminal Giwangan
Mung tok nggo sambat tok nggo istirahat
Rasane rakaruan neng ati lara tenan
Cinta matiku kau anggep dolanan
Pengen apa tak turuti lehku lembur telung wengi
Dudu kuwi maksudku mbokya ngerteni

Lingguh ndhodhok neng ngarep bar godhog kopi
Ngenteni kabarmu dhik kok le nganyelne ati
Banjur tak kirimi bbm apa kabar sayang
Lagi ngapa karo sapa malah ra diwaca
Dhuh alah dhik anggepmu aku iki sapa
Bojomu dhik aku iki bojomu
Nengapa jawabmu gawe aku tambah nestapa
Suwe ora jamu ketemu pisan gawe gela

**Remukan Ati (CLNDX 20)**

Pangripta : NDX

Dhik rungokna jerit tangise ati iki
Greges ra karuan jebul sliramu blenjani
Dhik rasakna lara atiku kepati-pati
Yen kelingan janji tresnamu tekane mati
Kowe teka gawa tresna kowe lunga ninggal lara
Tresnamu tak labuh neng segara

Rasa sayangku uwis mati ajur dadi remukan ati
Ati ora bakal ngemis welase tresna
Aku isa gawe kowe lara, larane jarem neng jero dhadha
Merga ati wis ilang rasa luwih becik aku lunga
Paribasan ragaku tak rewangi ngumbara
Jebul lamis tresnamu raisa dipercaya
Pancen bener biyen tresnamu sing tak jaga
Tatune lara siji ati kuciwa

Mas kangmas sepurane yen aku ninggalke
tresna suci sliramu amerga kahanane
mas kangmas larane atimu tak rungokke
nanging wong tuwaku ra ngijinke

**Janur Garing (CLNDX 21)**

Pangripta : NDX

Larane atiku iki krungu kabar kowe uwis oleh ganti
Satenane atiku lara nanging aku mencoba rapapa
Rasane atiku temuk rakaruan
Kelingan janjimu nailka gandhengan
Trenaku ora bakal ilang senajan atiku tau kelaran
Karepku urip bebarengan sesandhingan tekan bebrayan

Kobong ati iki krungu kowe oleh ganti
Sandiwarane tresna wis tamat dadi lara
Aku sing isa nampa aku isa legawa
Delok neng ngarep mata kowe rabi ro wong liya
Mbok mesakna aku mbok welasna aku
Cintaku tak terbatas waktu oh sayangku
Kembalilah padaku

**Lewung (CLNDX 22)**

Pangripta : Maryantoko

Dadi lewung atiku
nalikane sepisan ketemu
Wong ayu dadi laku
godha ati rinten siyang dalu
Kinurban jiwa raga
ngundang rasa tumestesing kalbu
Lir nguyahi segara
datan  bisangluluhke atimu

Suwe nggonku ngenteni
lewunge atiku antuk jampi
Dadya ati sawiji
nadyan abot tak lakoni

Sabda Pandhita Ratu
Mung sliramu dadya sisihanku
Mugi Gusti nglilani
Tresnaku bakal ginawa mati

**Kimcil Kepolen (CLNDX 23)**

Pangripta : NDX

Pancene kowe pabu nuruti ibumu
Jare nek ra ninjara oleh dicinta
Apa kaya ngene susahe wong kere
Ameh nyandhing tresna kalah karo bandha

Ku ngerti sifatmu beda karo awakku iki
Ana apa kok kowe beda karo aku iki
Apa aku salah nek aku tresna kowe
Pa pendak dina atimu enenge gelisah

Mendhing aku ro kowe koweksi dhewe-dhewe
Aja waton tumindak ndhak kuwi ora becik
Merga saiki tresna enengr gur bandha
Menang rupa kalah rupa aku orapapa

Pisan pindho aku percaya ro omonganmu
Jebul saikikoe wis keconangan neng mburiku
Kowe selingkuh ro kanca cerakku iki
Apa dumeh aku wong kere langsung tok larani

Jaremu nek ra FU kowe ora i love you
Jaremu nek ra ninja kowe ora cinta
Nanging piye meneh aku wog ra duwe
Kalah bandha menang rupa kuwi salawase

**IKLAS (CLNDX 24)**

Pangripta : Didi Kempot

Trima mundur timbang lara ati

Tak oyaka wong kana wis lali

Pancen wis nasibku iki

Nandur becik thukule kok larani

***RAP I***

Wis rak coba iklaske kowe lunga ro liyane

Aku neng kene trima mundur timbang lara atine

Senajan ati iki wis kebacut tresna

Nanging aku kudu ngiklaske kowe lunga

Merga bandha kowe gawe aku dadi lara

Kowe lunga ro wong liya tanpa kandha-kandha

Ora mikir ringkahmu kui gawe lara atiku

Abot rasane lehku mikirke awakmu

Nangis aku isin senajan lara ing batin

Aku lila pisah kanthi lair batin

Tresna sing ngrembuyung saiki wis dadi garing

Aku lila pisah kanthi lair batin

***RAP II***

Janjimu biyen tresna salawase karo aku

Nanging saiki kabeh omonganmu wis dadi awu

Gedhene janjimu kuwi mung kecu

Jare kowe tresna karo aku nanging apa saiki

Kowe ninggalke aku gawe gela gawe cidra

Atiku ajur tenan kahanan uripku

Merga mikir pola sifatmu saben dina mung

Kepikiran sliramu ya mung kowe le ana jero atiku

Nanging kowe saiki kowe ninggalke aku

Tanpa sebab alasan dadi keputusanmu

Tiwas aku tresna karo sliramu

Kowe malah gwe lara atiku yawis saiki tak iklaske

Kowe lunga adoh seka uripmu

Karo wong liya merga kowe mung arep nguyak bandha

Nek wis mulih langsung tok tinggal lunga

Aku ya mung ndonga muga kowe isa lanjut tekan tuwa

**Kangen Mantan (CLNDX 25)**

Pangripta : NDX

Atiku sing wis kebacut sepi
Karena engkau yang lama tak di sisi
Kangen sing wis semana suwene
Abot nahan rindu lan perih larane
Dirimu mantan kekasih
Memilih dia hingga aku tersisih
Merga balen wis ra mungkin
Ngemis ati aku isin, aku isin
Kangen jero ati iki
Wis raisa meneh ditambani

Dirimu telah resmi dimiliki dia
Dan aku yang menjadi korban cinta
Mantan hanya tinggal kenangan
Masa lalu takkan pernah terulang
Aku sadar posisi rasaku tak ilangi
Geni tresnaku kudu tak pateni
Rasa kangen sing wis suwe tak pendhem
Pengen ketemu sliramu supaya ati ayem
Berharap bisa mengulang kisah asmara
Meski  itu tak mungkin sebatas mimpi saja

Cerita sing tau urip kebayang
Gedhe tresna gawe kowe tetep ku kenang
Dirimu lebih bersinar dari sang rembulan
Hal itu buatku sulit untuk aku lupakan

Nganti seprene durung bisa oleh gantimu
Kasih tresna putihmu mlebu jero ana batinku
Selembut sapaan kabut pagi halus cintamu
Kini jadi tetes air mata basahi nuraniku
Terlanjur melebur sukmamu dalam sanubari
Hingga sampai kini rinduku tiada kan terhenti
Yen isa ketemu maneh raketang sedela
Wis bisa nambani rasa kangen ati kang dawa

Luwih apik lalekna tresnaku wis ilang rasa
Kisah kita telah berlalu lupakan saja aku
Aku bukan untukmu

**Tabel 6. Analisis Jinis Lelewaning Basa Perbandingan saha Fungsinipun Salebeting Cakepan Lagon Hip Hop NDX**

